ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЦКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКІ

№244 (23.402) ● 2016 гъэм дыгъэгъазэм (декабрым) и 20, гъубж ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

КЪБР-м и Іэтащхьэр Москва щахуэзащ Урысей Федерацэм Егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министерствэм и унафэщІхэм

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Ю. А. Москва щахуэзащ Урысей Федерацэм Егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министерствэм и унафэщІхэм.

МИНИСТР Васильевэ Ольгэ, абы и къуэдзэ Огородовэ Людмилэ сымэ хэту екІуэкІа зэІущІэм щытепсэлъыхьащ республикэм егъэджэныгъэмкІэ и Іэнатіэм адэкІи зегъэужьыным, апхуэдэу щІыналъэм мыхьэнэшхуэ щызиІэ еджапІэ нэхъыщхьэм и статус кратын папщІэ екІуэкІыну конкурсым Бэрбэч Хь. М. и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетыр хэгъэхьэным. Ар сэбэпышхуэ хьунущ КЪБР-м и экономикэм папщІэ. ІэщІагъэлІхэр зэрагъэхьэзырыр егъэфІэкІуэныimmкІэ. Гулъытэ хуащІащ ІэщІагъэ щрагъэгъуэт курыт еджапІэхэм я лэжьакІэр къэгъэщІэрэщІожьным, абыхэм ягъэхьэзыр ІэщІагъэлІхэр лэжьапІэ Іэнатіэкіэ кьызэгъэпэщыным.

КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапі Іэ.

Гъэсыныпхъэ-энергетикэ комплексыр гъэлэжьэным пыщІа Іуэху нэхъ гугъуэхэм хэплъэныкІэ ведомствэхэм эздай лэжьакІуэ гупым теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

Гъэсыныпхъэ-энергетикэ комплексыр гъэлэжьэным пыщІа Іуэху нэхъ гугъуэхэр, къагъэсэбэпа энергием и уасэмкІэ щІыхуэхэр пшынжьыным яхэту, дзгъэкІыныкІэ лэжьыгъэхэр щІэгъэхуэбжьэн мурадкІэ:

1. Гъэсыныпхъэ-энергетикэ комплексыр гъэлэжьэным пыщІа Іуэху нэхъ гугъуэхэм хэплъэныкІэ ведомствэхэм эздай лэжьакІуэ гуп къызэгъэпэщын.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм хуэгъэувын гъэсыныпхъэ-энергетикэ комплексыр гъэлэжьэным пыщІа Іуэху нэхъ гугъуэхэм хэплъэныкІэ ведомствэхэм эздай лэжьакІуэ гупым теухуа положенэм и проектыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 27-м фІэныкІыжу къыхилъхьэну.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Юрий

Налшык къалэ
2016 гъэм дыгъэгъазэм и 1-м
№113/1-РГ

● КЪБР-м и Парламентым

Республикэм зэрызиужьынум епха упщІэхэр

КЪБР-м и Парламентым и Унафэщі Егоровэ Татьянэ иджыблагъэ иригъэкІуэкІа пресс-конференцым щытепсэлъыхьащ 2016 гъэм нэхъыщхьэу къайхъулІамрэ илъэс къакІуэ зэлэжьыпхъэу къилъытэмрэ.

ЖУРНАЛИСТХЭМ я упщІэхэр теухуат КЪБР-м и Парламентым къищта хабзэхэр егъэфІэкІуэным, псалъэм папщІэ, республикэм инвесторхэр къэкІуэным тезыгъэгушхуэн зэрыщыІэпхъэм, щыпІэ телевиденэм зиужьыным я унафэу хальхьэфыным, хьэрычэт, щІалэгъуалэ Іэхуэхэр кІуэтэным, нэгъуэщІхэми.

УФ-м и Къэрал Думэм и депутатхэр республикэм къызэрыдалажьэм къыщытеувыІэм, Егоровэ Татьянэ къыхигъэщащ: «УФ-м и Къэрал Думэм и VII зэхуэсым и лэжьигъэм зэрыщІидзэрэ куэд мыщІами, дэ къыдбгъэдэкІыу абы кІуа депутатхэр мызэ-мытІэу кърихьэлІащ КЪБР-м и Парламентым и зэІущІэхэм. Дыщагъэгъуэзащ иджыпсрэ Къэрал Думэм и гъэпсыкІэм, фащэхэм я лэжьакІэм, зыхэлъым хуейуэ мы зэманым щыІэ законопроект нэхъыщхьэхэм. Псоми къыдгуроІуэ, къэралым и экономикэр гугъуехьэм хэтми, Урысей Федерацэм и Президентым и накъыгъэ унафэхэр гъэзэщІэныр ди къалэн нэхъыщхьэу зэрыщытыр. Депутатхэм къызэрыхагъэщыкІэ, куэд елъытащ гупу уэзрыІыгъуу уэздэлэжьэным икІи гуапэ тщыхъуащ КЪБР-м и Парламентым и лэжьыгъэр ди щыхьэрым къызэрыщыхагъэщыр. Къапщтэмэ, дэ ди законодательнэ жэрдэмхэр сыт щыгъуи фІагъкІэ япэ итщ. Псальэм папщІэ, илъэситІым кърибыдэу, КЪБР-м и Парламентым и законодательнэ жэрдэму 3-м Федеральнэ Хабзэм и кьару ягъэтащ, иджыри 7-м хэплъэну УФ-м и Къэрал Думэм едгъэкьащ. Шэч хэмылъу, ар КЪБР-м и Парламентым и комитетхэм я ехъулІэныгъэщ. Дыщогугъ Къэрал Думэм иджы хьихьагъащІэ депутатхэми купщІафІэу дадэлэжьэну».

Европэм и Советым щыпІэ, щыналъэ властхэмкІэ и конгрессым (Страсбург кьалэ щокІуэкІ) Урысей Федерацэм и лЫкІуэхэм яхэту Егоровэ Татьянэ зэрыщыІам щытепсэлъыхьым, кьыхигъэщащ Урысейр зыІууэ гугъуехьэм хуэдэ дыдэхэр Европэм и дэтхэнэ къэралми зэрыщыІэр, псом хуэмыдэу Іулъхьэм пэщІэтыным, хэхьныгъэхэр захуагъэм тету егъэкІуэкІыным ятеухуа лэжьыгъэ а щыпІэхэми зэпымыууэ зэрыщекІуэкІыр.

- Конгрессым дыхэтыным мыхьэнэшхуэ иІэщ. Дауи, зэІущІэхэм кьыщызэпхащэгъэІуэкІащ ди къэралым кьызэрытехъущІыхь псалъэхэри, арщхьэкІэ псоми къагуроІуэ, гува-щІэхэми, дызэгурыІуэн зэрыхуейр, - жиІащ Егоровэ Татьянэ.

(КІэухыр 2-нэ нап.).

2013 - 2020 гъэхэм ятещІыхьа «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и цІыхухэр псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэм и ІуэхутхьэбзэхэмкІэ кьызэгъэпэщыныр» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал программэм зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2016 гъэм дыгъэгъазэм и 13-м Налшык къалэ №219-ПП

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещІ**:

2013 - 2020 гъэхэм ятещІыхьа «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и цІыхухэр псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэм и ІуэхутхьэбзэхэмкІэ кьызэгъэпэщыныр» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал программэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2013 гъэм фокІадэм и 17-м кьыдигъэкІа унафэ №252-ПП-мкІэ кьиштам, зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэн, мы Унафэм и гуэдзэным къызэрыщыгъэлъэгъуэм хуэдэу.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщі МУСУКОВ Алий

2020 гъэм нэсыху тещІыхьа «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и транспорт Іэнатіэм зегъэужьныр» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал программэм зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2016 гъэм дыгъэгъазэм и 15 Налшык къалэ №221-ПП

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещІ**:

2020 гъэм нэсыху тещІыхьа «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и транспорт Іэнатіэм зегъэужьныр» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал программэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2013 гъэм щэкІуэгъуэм и 11-м кьыдигъэкІа унафэ №296-ПП-мкІэ кьиштам, зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэн, мы Унафэм и гуэдзэным зэритым хуэдэу.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщі МУСУКОВ Алий

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и цІыхухэмрэ щІыналъэмрэ щІыуэпсым и къэхъукъащІэхэм, техникэр кьызэрагъэсэбэпым пыщІа кьызэрымыкІуэ щытыкІэхэм ящыхъумэныр, мафІэсымкІэ шынагъуэшагъэ кьызэгъэпэщыныр, щІыхуэхэм псым пыщІауэ шынагъуэ кьатемыгъэхьэныр» 2014 - 2020 гъэхэм ятещІыхьа Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал программэм зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2016 гъэм дыгъэгъазэм и 15-м Налшык къалэ №222-ПП

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещІ**:

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и цІыхухэмрэ щІыналъэмрэ щІыуэпсым и къэхъукъащІэхэм, техникэр кьызэрагъэсэбэпым пыщІа кьызэрымыкІуэ щытыкІэхэм ящыхъумэныр, мафІэсымкІэ шынагъуэшагъэ кьызэгъэпэщыныр, щІыхуэхэм псым пыщІауэ шынагъуэ кьатемыгъэхьэныр» 2014 - 2020 гъэхэм ятещІыхьа Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал программэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2013 гъэм фокІадэм и 24-м кьыдигъэкІа унафэ №268-ПП-мкІэ кьиштам, зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэн, мы Унафэм и гуэдзэным зэритым хуэдэу.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщі МУСУКОВ Алий

2030 гъэм нэсыху Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щэкІуэныimmкІэ и хозяйствэм зэрызиужьыну концепцэр къэщтэным теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2016 гъэм дыгъэгъазэм и 15-м Налшык къалэ №223-ПП

ЩэкІуэныmрэ зэщакІуэ ресурсхэр хъумэныmрэ ятеухуауэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм иригъэкІуэкІ къэрал политикэр егъэфІэкІуэн мурадкІэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещІ**:

2030 гъэм нэсыху Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щэкІуэныmкІэ и хозяйствэм зэрызиужьыну концепцэр къэщтэн, мы Унафэм и гуэдзэным зэритым хуэдэу.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщі МУСУКОВ Алий

● Дунейпсо Адыгэ Хасэ

Лъэпкъ зэхущытыкІэхэмрэ жылагъуэ Іуэхухэмрэ

Щэбэт кІуам Налшык къалэ щекІуэкІащ «Лъэпкъэм, щэнхабзэхэм яку дэлъ зэхущытыкІэхэр гъэбыдэныmкІэ граждан жылагъуэм иІэ мыхьэнэр» щІэныгъэ-практикэ конференцыр. Ар къызэІуихащ икІи иригъэкІуэкІащ Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ Сэхъурокъуэ Хьэутий.

ЗЭІУЩІЭМ хэтащ КЪБР-м и Іэтащхьэм и Адміністрацэм и Унафэщі **Къуэдзокъуэ Мухьэмэд**, Администрацэм ЩІыналъэ политикэмкІэ и управленэм и Іэтащхьэ **Къуэжей Артём**, КЪБР-м Граждан жылагъуэ Іуэхущ Іапі Іэхэм ядэлэжьэныmрэ лъэпкъ ІуэхухэмкІэ и управленэм и унафэщІ **КІурашын Анзор**, УФ-м и Жылагъуэ палатэм хэт **Нэхущ Заурбий**, ДАХ-м дэлажьэ Нэхъыжьхъэ я советым и тхьэмадэ, АР-м, КЪБР-м, КъШР-м я цІыхубэ тхакІуэ **Мэшбащ Исхьэкъ**, ДАХ-м и Советым хэт, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ, «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ **ХьэфІыцІэ Мухьэмэд**, щІэныгъэлІхэр, жылагъуэ лэжьакІуэхэр, студентхэр, Адыгэ, Къэрэшей-Шэрджэс, Осетие Ищхьэрэ - Аланиер республикэхэм, Ставрополь, Краснодар крайхэм щылажьэ Адыгэ Хасэхэм я тхьэмадэхэр.

Къызэхуэсахэр тепсэлъыхьащ лъэпкъхэм я зэхущытыкІэр ефІэкІуэныmкІэ, лъэпкъ зэмыlІэужьыгъуэхэм къахкІа щІалэгъуалэр зэгурыІуэныmкІэ, щэнхабзэ зэпыщІэныгъэхэр нэхъ быдэ щІыныmкІэ, а Іуэхум епхауэ бэзмрэ хабзэмрэ зэзэгъэсэбэпыпхъэмкІэ щыІэ хэкІыпІэхэмрэ иджыкІей гъащІэм ар зэрыхэпщэн хуей Іэмалхэмрэ.

Къэпсэлъахэм жаІа псори къызэщІакъуэжри резолюцэ къащтащ.

НЭЩІЭПЫДЖЭ Замирэ.

Партым и Іуащхьэмахуэ район къудамэм и унафэщІхэр хах

«Урысей зэкъуэт» политикэ партым и Іуащхьэмахуэ къудамэм и XXVII конференцым и делегатхэм пхъэидзэкІэ Іэ зэрагъэтам ипкъ иткІэ партым и щІыналъэ къудамэм и секретару хахащ район администрацэм и Іэтащхьэ Уянаев Казым.

АПХУЭДЭУ щІэуэ хаха политсоветым хагъэхьащ Іуащхьэмахуэ районым щІыпІэ унафэр зегъэкІуэныmкІэ и советым и тхьэмадэ Отаров Исмэхьил, Іуащхьэмахуэ муниципальнэ районым и щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэм и къуэдзэ Атакуев Руслан, щІыналъэ администрацэм физкультурэмрэ спортымкІэ и къудамэм и Унафэщі Джаппуев Магомед, КЪБР-м и Парламентым и депутат Маккаев Махьти, Тырныауз кьалэ администрацэм и Іэтащхьэ Джаппуев Руслан, Гундэлэн къуажэм и Іэтащхьэ Атмурзаев Марат, районым лэжьыгъэмкІэ, цІыхухэр Іэнатіэкіэ кьызэгъэпэщыныmрэ социальнэ дзІэпкъэныгъэмкІэ и центрым и унафэщІ Мирзоев Замрат, Тырныауз кьалэм дзт прогимназие №4-м и егъэджакІуэ Давиденкэ Наталье, сабий-ныжьыщІэ спорт школым и лэжьакІуэ Кьардэн Юрий, Іуащхьэмахуэ районым и щІыналъэ администрацэм щІалэгъуалэ политикэмкІэ и Іэщ Іагъэлі нэхъыщхьэ Малкаров Мурат сымэ.

А махуэм апхуэдэу хахащ «Урысей зэкъуэт» партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ къудамэм 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 23-м иригъэкІуэкІыну XXVI конференцым и делегатхэр. Іэтхкіэ апхуэдэ дзыхь ирагъэзащ Джаппуев Магомед, Маккаев Махьти, Азубэч МуІэед, Могилевец Евгений, Мирзоев Замрат, Боттаев Арсен сымэ.

Конференцым и Іэуэхум Уянаев Казым абы хэтахэм фІыщІэ яхуищІащ жэуапльныгъэ зыпылъ кьулыкъур кьызэрыхуагъэфэщащ папщІэ. Абы районым и участкэ комиссэхэм я лэжьакІуэу щым фІыщІэ тхьилъхэр яритащ Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм и ебланэ хэхыгъуэм и депутатхэр, Іуащхьэмахуэ районым щІыпІэ унафэр зегъэкІуэныmкІэ и кІыкІуэ органхэм я депутатхэр хэхыным жьыджэру зэрыхэтам папщІэ.

ТАРИМ Алисэ.
Сурэтыр **Хаджиев Жамал** *трихащ.*

Мы махуэхэм

Дыгъэгъазэм и 20, *гъубж*

♦Цыхухэм я зэкъуэтыныгъэм и дунейпсо махуэщ

♦УФ-м Къэралым щыныгуэнышагъэ кьыщыізэгъэпэщыныmкІэ и органхэм я лэжьакІуэхэм я махуэщ

♦1706 гъэм сыхьэтибгъум Москва Кремлым и Спасскэ чэщанэм япэ дыдэу кьыщеуащ абы щагъэува сыхьэтыр. Тхьэгъуш 33-рэ зыхэт а сыхьэтыр Пётр Езанэм Голландиемэ щригъэщІат.

♦1917 гъэм ВЧК-р (Урысейпсо чрезвычайнэ комиссэр) кьызэрагъэпэщащ. Абы и унафэщІу ягъэуват Дзержинскій Феликс.

♦1971 гъэм Франджым кьыщызэрагъэпэщащ «Дохутырхэм гъунапкъэ яІэкъым» дунейпсо зэгуэхьэныгъэр.

♦Адыгэпщ, урысеидзэм полковникыу кьулыкъу щызыщІа **ХьэтІохъущокъуэ Исмэхьил-Бей** кьызэралъхурэ илъэс 256-рэ ирокъу.

♦КЪБР-м щыхь зиІэ и журналист, публицист **Гъуапльащ Іэ Заудин** и ныжьыр илъэс 72-рэ ирокъу.

♦ТхакІуэ, журналист, «Іуащхьэмахуэ» журналым жэуап зыхь и секретарь **ХьэІупщь МуІэед** и ныжьыр илъэс 64-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык уфауэ щыщытынущ. ЩІыпІэ махуэм хуэм градуси 6 - 3, жэщым градуси 10 - 8 щыхьэнущ.

Дыгъэгъазэм и 21, *бзаржьей*

♦Илъэсым кьриубыдэу махуэр щынэхъ кІэщІ, жэщыр щынэхъ кІыхьщ

♦1891 гъэм США-м и Спрингфилд кьалэм дунейм щыяпэу баскетболымкІэ зэхьэзэхуэ щекІуэкІащ. А джэгукІэ лІэужьыгъуэр кьигусыат физкультурэмкІэ егъэджакІуэ Нейсмит Джеймс.

♦1899 гъэм Санкт-Петербург кьыщыдэкІащ «Огонёк» журналым и япэ номерыр.

♦1944 гъэм ВКП(б)-м и обкомым унафэ кьыщтащ Дзэлыкъуэ, Куба, Налшык, Шэджэм, Прималкэ, Урожайнэ, Лэскэн районхэм газет кьыщыдэгъэкІыным теухуауэ.

♦1991 гъэм Къэзахстаным и кьалащхьэ Алма-Ата Азербайджаным, Армением, Белоруссием, Къэзахстаным, Кьыргьызым, Молдовэм, Урысейм, Таджикистаным, Туркменистаным, Узбекистаным, Украинэм я Іэтащхьэхэм Іэ щытрадзащ Къэрал Щхьэхуитхэм я Згуэхьэныгъэм и хабзэхэр щыубзыхуэ Декларацэм.

♦Парт, къэрал лэжьакІуэ, генералиссимус, Совет Союзым и Плыхьужь, Социалист Лэжьыгъэм и Плыхьужь, 1924 - 1953 гъэхэм СССР-м и унафэщІу щыта **Сталин (Джугашвили) Иосиф** кьызэралъхурэ илъэси 137-рэ ирокъу.

♦Дзэзешэ цІэрыІуэ, Совет Союзым и Маршал, Совет Союзым тІэунейрэ и Плыхьужь **Рокоссовский Константин** кьызэралъхурэ илъэси 120-рэ ирокъу.

♦Совет драматург, журналист, дзэ корреспондент, Сталиным и саугъэтыр зрата **Вишневский Всеволод** кьызэралъхурэ илъэси 116-рэ ирокъу.

♦ТхакІуэ, щІэныгъэлІ **Елмэс Іэуудин** кьызэралъхурэ илъэс 84-рэ ирокъу.

♦Театрымрэ киномрэ я актрисэ цІэрыІуэ, РСФСР-м и цІыхубэ артисткэ **Аросевэ Ольгэ** кьызэралъхурэ илъэс 91-рэ ирокъу.

♦УФ-м и Къэрал Думэм и УнафэщІым и къуэдзэ, «Урысей зэкъуэт» Урысейпсо политикэ партым и Совет нэхъыщхьэм и секретарь **Неверов Сергей** и ныжьыр илъэс 55-рэ ирокъу.

♦Къэрал кьулыкъущІэ, УФ-м финансхэмкІэ и министрым и къуэдзэу лэжьа, щІэныгъэ зэгуэхьэныгъэхэм я федеральнэ агентствэм и унафэщІ **Котюков Михаил** и ныжьыр илъэс 40 ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІуэ щыщытынущ. ЩІыпІэ махуэм градуси 7 - 4, жэщым градус 11 - 9 щыхьэнущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬЭКІЭМЫХЬУ Маринэщ.

● Дзэлыкъуэ щІыналъэ

Псы жапІэщІэхэр

Дзэлыкъуэ щІыналъэм и кІэм щыноблагъэ Совхозэнэ, Зольскэ, Бэтэх, Псынэдахэ жылагъуэхэр зэпызыщІэ псы жапІэщІэр яукъуэдиныр, Мыбы хуэзащ сом мелуан 14-м щІигъу.

УХУЭНЫГЪЭЩІЭХЭМ ящыщщ Балъкъ псым зэпрыкІыу Къамылыкъуэ жылагъуэм дыхьэу яукъуэдий бжьамийри. Мыр «Балъкъ и псы жапІэ зэрыІыгъ» Іэнатіэм и зы къудамэщ. Ухуэныгъэм сом мелуан 1,8-рэ текІуэдэнщ. А Іэнатіэм екІуэлІэ гъэзгур яухуащ. Абы и кІыхьагъщ километри 10. Апхуэдэу Къарэ-Су псынэм тращІыхьащ псы хъуманІэ.

Дзэлыкъуэ щІыналъэм 2016 гъэм къриубыдэу ухуэныгъэ лэжьыгъэ зэмылІэужьыгъуэу мелуан 253-рэ и уасэ щызэфІахащ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

● Гу зылъытапхъэ

«Адыгэ псалъэм» Іэ тевдзэ

ПщІэ зыхуэтщІ ди ныжьжьэгъуфІхэ!

2017 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм ныфхуахьыну «Адыгэ псалъэ» газетым Іэ щІэдзын Іуэхур и кІэм ноблагъэ. Ди щІэдджыкІакІуэхэм иджыри Іэмал фиІэщ дыгъэгъазэм и 29 пщІондэ ди газетым Іэ щІэвдзыну. А Іуэхутхьэбзэр къыщыфхуащІэнущ республикэм и дэтхэнэ пощт Іуэхущ Іапі Іэмэ.

Республикэм ди анэдэлъхубзэмкІэ къыщыдэкІ газет закъуэм Іэ тевдзэн Іэмалыр зыІэщІэвмыгъэкІ.

«Адыгэ псалъэ» газетым мазихым сом 839-рэ кІэпІейкІэ 88-рэ и уасэщ.

Ди индексыр 51531

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Нэхъыжь кІэлъыджэркъым - кІэлъокІуэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 1-м къыдигъэкIа унафэ №113/1-РГ-мкIэ къищтащ

Гъэсыныпхъэ-энергетикэ комплексыр гъэлэжьэным пыщIа Iуэху нэхъ гугъухэм хэплъэнымкIэ ведомствэхэм зэдай лэжьакIуэ гупым хэтхэр

Мусуков А. ТI. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщIыр (*ведомствэхэм зэдай лэжьакIуэ гупым я унафэщIыщ*)

Бэлэтокъуэ В. Хь. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэр (*ведомствэхэм зэдай лэжьакIуэ гупым я унафэщIым и къуэдзэщ*)

Алэкъей А. М. - Налшык къалэ округым и щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэр (*зэгурыIуауэ*)

Анастасов В. А. - «Газпром межрегионгаз Налшык» жэуап зэхэгъэщхьэхукIа зыхь зэгухьэныгъэм и генеральнэ директорыр (*зэгурыIуауэ*)

Анацкий Г. Б. - Урысей Федерацэм ШынагъуэншагъэмкIэ и федеральнэ къулыкъущIапIэм и Управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм и унафэщIым и къуэдзэр (*зэгурыIуауэ*)

Былымгъуэт Ю. Хь. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ухуэныгъэмрэ псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмкIэ и министрым и къуэдзэр

Быф Б. Хь. - Экологие, технологие, атом кIэлъыплъыныгъэхэмкIэ федеральнэ къулыкъущIапIэм и Кавказ управленэм и унафэщIым и къуэдзэр (*зэгурыIуауэ*)

Будаев Р. И. - Федеральнэ налог къулыкъущIапIэм и Управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм и унафэщIым и къуэдзэр (*зэгурыIуауэ*)

Гъубжокъуэ Ю. М. - «Кавказ Ищхъэрэм и щIыналъэхэм энергиер щытезыгуашэ компание» акционер зэгухьэныгъэ зэIухам и «Къэббалъкъэнерго» IуэхущIапIэм и унафэщIыр (*зэгурыIуауэ*)

Джатэ Р. Хь. - Дзэлыкъуэ муниципальнэ районым и щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэр (*зэгурыIуауэ*)

Дадэ М. А. - Тэрч муниципальнэ районым и щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэр (*зэгурыIуауэ*)

Дэхъушокъуэ А. И. - «Къэббалъкъэнерго» акционер зэгухьэныгъэм и унафэщIыр (*зэгурыIуауэ*)

Жекеев А. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и прокурорым и япэ къуэдзэр (*зэгурыIуауэ*)

Журавлёв А. И. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ЭнергетикэмкIэ, тарифхэмрэ псэупIэм и IэнатIэм щыкIэлъыплъынымкIэ и къэрал комитетым и унафэщIым и къалэнхэр зыгъэзащIэр

Инжыджокъуэ С. М. - Лэскэн муниципальнэ районым и щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэр (*зэгурыIуауэ*)

Карпов А. И. - «Тенджыз ФIыцIэм и щIыдагъэ бжьамий гъуэгухэр» акционер зэгухьэныгъэм шынагъуэншагъэр къызэгъэпэщынымкIэ и управленэм и унафэщIым и къуэдзэр (*зэгурыIуауэ*)

Куэшей А. Д. - Аруан муниципальнэ районым и щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэр (*зэгурыIуауэ*)

КIуантIэ А. С. - Федеральнэ антимонопольнэ къулыкъущIапIэм и Управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм и унафэщIым и къуэдзэр (*зэгурыIуауэ*)

Лыхь З. А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм финансхэмкIэ и министрыр

Мамхэгъ Н. М. - къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ министру Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм и къуэдзэм - Къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ министерствэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм и полицэм и унафэщIым и къалэнхэр зыгъэзащIэр (*зэгурыIуауэ*)

Мамхэгъ Хь. Хь. - Бахъсэн къалэ округым и щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэр (*зэгурыIуауэ*)

Муртазов Б. С. - Шэрэдж муниципальнэ районым и щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэр (*зэгурыIуауэ*)

Пагуэ Ж. А. - ЩэхуакIуэхэм я хуитыныгъэмрэ цIыхум зэIузэпэщ псэукIэ къыхузэгъэпэщынымрэ я IэнатIэм щыкIэлъыплъынымкIэ федеральнэ къулыкъущIапIэм и Управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм и унафэщIыр (*зэгурыIуауэ*)

Сыжажэ Хь. Л. - Бахъсэн муниципальнэ районым и щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэм и къалэнхэр зыгъэзащIэр (*зэгурыIуауэ*)

Тараев И. В. - Прохладнэ къалэ округым и щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэр (*зэгурыIуауэ*)

ТекIушэ А. А. - Шэджэм муниципальнэ районым и щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэр (*зэгурыIуауэ*)

Тутыкъу А. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ухуэныгъэмрэ псэупIэ-комунальнэ хозяйствэмкIэ и министрыр

Устэ В. Хь. - Урысей Федерацэм СледствиемкIэ и комитетым СледствиемкIэ и управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм и унафэщIыр (*зэгурыIуауэ*)

IутIыж Ш. Б. - Федеральнэ казначействэм и Управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм и унафэщIым и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэр (*зэгурыIуауэ*)

Уянаев К. Хь.-М. - Iуащхьэмахуэ муниципальнэ районым и щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэр (*зэгурыIуауэ*)

Шагин С. И. - Май муниципальнэ районым и щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэр (*зэгурыIуауэ*)

Эфендиев О. А. - Суд приставхэм я федеральнэ къулыкъущIапIэм и Управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм и унафэщIым - суд пристав нэхъыщхьэм и къуэдзэр (*зэгурыIуауэ*)

Ячный И. В. - Прохладнэ муниципальнэ районым и щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэр (*зэгурыIуауэ*)

(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.).

«Медиа-холдинг» IуэхущIапIэм къызэщIиубыдэу республикэм и хъыбарегъащIэ IэнатIэхэр зэрызэгуагъэхьэм теухуауэ абы жиIащ: «Апхуэдэ унафэр КъБР-м и Правительствэм фIэкъабылу къищтащ икIи нэхъыбэу зытеухуар республикэм и хъыбарегъащIэ IэнатIэхэм я лэжьыгъэр егъэфIэкIуэнырщ. Сэ зэрысщIэмкIэ, зэхъуэкIыныгъэхэр зылъэIэсынур СМИ-м и финанс IэнатIэмрэ техническэ лэжьакIуэхэмрэщ. Щыгъуазэ сызэращIамкIэ, зы цIыху я IэнатIэ IуагъэкIакъым. Къапщтэмэ, республикэм иIэ ахъшэр зэгъэзэхуэным хуэгъэза апхуэдэ лэжьыгъэ мы зэманым щокIуэкI къэрал IуэхущIапIэ псоми. СызэреплъымкIэ, мыбы теухуауэ упщIэ куэд щIыщыIэр Iуэхур наIуэу къызэрызэрамыгъэпэщарщ. Ауэ къысщыхъуркъым а лэжьыгъэр зыгуэркIэ республикэм и хъыбарегъащIэ политикэм зэран хуэхъуну», - къыхигъэщащ Егоровэм.

«1КъБР» каналым и редактор Хъуэст Алим жиIащ «цифровое вещание» жыхуаIэм темыхьэфу къэна мащIэм Къэбэрдей-Балъкъэрыр зэращыщыр икIи аналоговэ къэгъэлъэгъуэкIэр пахыжмэ, республикэм и телевиденэр эфирым къызэрихьэн Iэмал зэримыгъуэтынум абы и лэжьакIуэхэр зэрытегузэвыхьыр. Егоровэ Татьянэ жиIащ КъБР-м и Парламентым мызэмытIэу а Iуэхур къызэрыщаIэтар. «Псоми зэрытщIэщи, аналоговэ къэгъэлъэгъуэкIэр Урысей Федерацэ псом 2018 гъэм ирихьэлIэу къыщагъэувыIэнущ. Ди республикэм и телевиденэр тфIэкIуэдыныр, дауи, къэдгъэхъункIэ Iэмал зимыIэщ. Абы щыгъуэми, къыдгуроIуэ - каналыр щыпхуэгъэлэжьэнур ар зыхуеину псомкIи къыпхузэгъэпэщмэщ. СызэрыщыгъуазэмкIэ, Триколор ТВ Iэмалым къегъэув каналыр сыхьэт 24-кIэ лэжьэн хуейуэ. КъызэрабжамкIэ, ди телевиденэр егъэфIэкIуэным сом мелуани 140 - 200-м нэблагъэ текIуэдэнущ. ЩIыналъэ бюджетым дежкIэ ар, шэч хэмылъу, ахъшэшхуэщ. Ауэ ди гъунэгъу республикэхэр (Къэрэшей-Шэрджэсыр, Осетие Ищхъэрэ - Аланиер, Ингушыр) щапхъэу къапщтэмэ, абыхэм ирагъэкIуэкIа апхуэдэ лэжьыгъэхэм сом мелуан 450 - 500 текIуэдащ», - къыхигъэщащ Егоровэм. Абы дыщIигъуащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и бюджетыр 2017 гъэм зыхуэдэнур щаубзыхум, щIыпIэ телевиденэм зэрызрагъэуэжьынум хэплъэну къызэрагъэлъэгъуар икIи а Iуэхум унафэ игъуэтыну зэрыщыгугъыр.

АдэкIэ Егоровэм журналистхэр щигъэгъуэзащ КъБР-м и Парламентым хабзэхэр къищтэ къудейм къыщымынэу, ахэр зэрагъэзащIэми зэрыкIэлъыплъым. Абы и лъэныкъуэкIэ республикэм и хабзэубзыху орган нэхъыщхьэм щIэгъэкъуэн къыхуохъу гъэзэщIакIуэ властым, щIыпIэ самоуправленэм я IэнатIэхэр. Хабзэ гуэр мылажьэмэ,

Республикэм зэрызиужьынум епха упщIэхэр

КъБР-м и Парламентым зэхуишэс едэIуэныгъэхэм ар щагъэзэкIуэж е Хабзэм къару имыIэжу унафэ къещтэ.

Республикэм къэралыбзэу щыгъэува бзищыр къэрал IуэхущIапIэхэм зэхуэдэу къыщагъэсэбэпын зэрыхуейр зэрамыгъэзащIэм теухуа упщIэм и жэуапу Егоровэ Татьянэ жиIащ абыхэм ящыщ гуэрым лей къытехьэу къалъытэу КъБР-м и Парламентым иджыри къэс зыми зыкъызэрыхуимыгъэзар. «Ди къэралыбзэхэр щIыналъэм хъума зэрыщыхъуным и мызакъуэу, абыхэм зэрызаужьынми псом япэу тегузэвыхьын хуейр, дауи, Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэухэрщ. Абы ехьэлIауэ диIэ Хабзэр, зэрыфщIэжщи, КъБР-м и Парламентым япэу къищтахэм (1995 гъэм) ящыщщ. Хабзэм къигъэувхэр гъэзэщIэным зэран хуэхъу Iуэхугъуэ нобэ зыри щыIэкъым. Къэбэрдей-Балъкъэрым и къэралыбзищымкIи дэфтэр, тхылъ нэхъыщхьэхэр догъэхьэзыр, ди зэIущIэхэм къыщытIэт Iуэхугъуэхэмрэ къатщтэ хабзэхэмрэ урысыбзэкIэ, адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ республикэ газетхэм къытрыдогъадзэ, нэгъуэщI Iуэхугъуэхэри щапхъэу къэпхьыфынущ. Ауэ мыбдеж къэлъытапхъэщ бзэр цIыхум залымыгъэкIэ зэрумыгъэщIэфынур, къызэрумыгъэщтэфынур. Ар щIыжысIэращи, унагъуэрщ цIыхум Iурылъ бзэм лъабжьэ щигъуэтыр. Я быным хамэ къэралыбзэхэр нэхъыфIу ирагъэщIэну хущIэкъу щыIэщ. Ар зы лъэныкъуэкIэ фIыщ, ди сабийхэм зауэжьын зэрыхуейр къэплъытэмэ, ауэ лъэпкъхэр, я щэнхабзэрэ хабзэрэ яIэжу, къызэтенэн папщIэ, гулъытэшхуэ зыхуэтщIыпхъэр, шэч хэмылъу, анэдэлъхубзэрщ», - жиIащ абы.

Фэтэр куэду зэхэт унэхэр зэгъэпэщыжынымкIэ УФ-м и щIыналъэ нэхъ къыкIэрыхухэм Къэбэрдей-Балъкъэрыр зэращыщыр къыщыхагъэщым, Егоровэ Татьянэ жиIащ къэрал къулыкъущIапIэхэм зэпымыууэ лэжьыгъэ хэхахэр зэрырагъэкIуэкIыр, КъБР-м и Парламентми Хабзэ зыбжанэ абы теухуауэ къызэрищтар. Абыхэм ящыщ зым къыщыгъэлъэгъуащ щIыналъэ операторым деж псоми зэхэлъу ягъакIуэ ахъшэм къытекIыу унэ къэс щхьэж иIэжыну счёт хэхам зэрытехьэну пIалъэр зэрагъэкIэщIар, илъэситIыр мазищым зэрыхуагъэкIуар. «КъищынэмыщIауэ, фэтэр куэду зэхэт унэм зи ныбжьыр илъэс 70 - 80 ирикъуауэ зи закъуэу щыпсэухэм дазэрыдэIэпыкъунур щIэуэ дгъэбелджылащ. Псалъэм папщIэ, унэр зыхуей хуэгъэзэным тригъэкIуэда мылъкур мазэ къэс тегуэшауэ къратыжынущ илъэс 80-м нэса, зи закъуэу псэу цIыхум. Илъэс 70 зи ныбжьу унагъуэм хэсхэм а ахъшэм и ныкъуэр (процент 50-р) къратыжынущ, - жиIащ Егоровэм.

ЗэIущIэм щытепсэлъыхьащ республикэм и социальнэ, экономикэ щытыкIэр зэрыгугъум къыхэкIыу, щIалэгъуалэм я зэфIэкI къагъэлъэгъуэну зэралъэмыкIым. Егоровэм жиIащ псом нэхъапэу щIалэгъуалэм ядэIэпыкъун, лэжьыгъэкIэ ахэр къызэгъэпэщын, жылагъуэ Iуэхухэм хэшэн зэрыхуейр. А Iуэхум ехьэлIауэ КъБР-м и Парламентым и жэрдэмыр УФ-м Хабзэхэр зыубзыхухэм я Советым зэрырагъэхьар дыщIигъуащ Егоровэм. «ЕджапIэ нэхъыщхьэхэм къыщIедгъэх щIэныгъэм деж дыкъыщымыувыIэу, щIыналъэм, къэралым зэрызиужь Iэмалхэм ди щIалэгъуалэр щыгъэгъуэзэн хуейуэ къызолъытэ. ЗэрыгурыIуэгъуэщи, а къалэнращ КъБР-м и Парламентым и ЩIалэгъуалэ палатэр нэхъыбэу щIыщыIэр. ДызыщыгуфIыкIынщ щIалэгъуалэ зэчиифIэ зэрыдиIэр, ар уолъагъу палатэм къыхыхьэну гупыж зыщIхэм уащыхэплъэкIэ», - жиIащ Егоровэм.

Ар кIэщIу къытеувыIащ хьэрычэтыщIэхэм зэрызыщIагъакъуэм щIыналъэм и экономикэр зыхуэдэнур зэрелъытам. Абы къыхэкIыу, КъБР-м и Парламентым жэпуэгъуэм и 27-м къищта Хабзэм тету, 2017 гъэм щегъэжьауэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и хьэрычэтыщIэхэм налог зытемыхьэ Iуэху 36-рэ къызэрагъэпэщыфынущ. Егоровэ Татьянэ щогугъ апхуэдэ Iуэху бгъэдыхьэкIэм и фIыгъэкIэ, хьэрычэт Iуэхум къыхыхьэхэм я бжыгъэм къыхэхъуэну, цIыху нэхъыбэ лэжьыгъэкIэ къызэгъэпэща хъуну.

Къуажэхэм щыпсэу икIи щылажьэ егъэджакIуэхэм псэупIэ-коммунальнэ IуэхутхьэбзэхэмкIэ мазэ къэс зэрызыщIагъакъуэ ахъшэм зэрыхагъэщIым теухуауэ КъБР-м и Парламентым 2016 гъэм къищта законопроектым Егоровэ Татьянэ щытрагъэпсэлъыхьым, абы къыхигъэщащ Хабзэр къащтэн и пэ, республикэ унафэщIхэр а Iуэхум зэрыхэплъар. «ХабзэмкIэ дубзыхуащ къуажэхэм щыпсэу егъэджакIуэхэм мазэ къэс коммунальнэ IуэхутхьэбзэхэмкIэ трагъэкIуадэм ехьэлIауэ къэралым къахущIигъуж ахъшэр псоми зэхуэдэу сом 1200-м хуэдгъэкIуэныр. ЗэхъуэкIыныгъэхэр хэдмылъхьэ ипэкIэ, егъэджакIуэхэм я унэр зыхуэдизымрэ абы щIэсхэм я бжыгъэмрэ елъытауэ щытащ егъэджакIуэхэм ахъшэу иратыжынур. Абы къыхэкIыу, егъэджакIуэхэм я процент 65-м коммунальнэ IуэхутхьэбзэхэмкIэ къазэрыдэIэпыкъур сом 1000-м нэсу арат. Къэна процент 35-м сом 1200-м нэблагъэ къаIэрыхьэрт. Зэрынэрылъагъущи, социальнэ IуэхутхьэбзэхэмкIэ цIыхухэм зэрызащIэдгъакъуэм зэрыхэдгъэщIа щыIэкъым, атIэ зэхуэдэ тщIауэ аращ. Къэбгъэлъагъуэмэ, республикэ бюджетыр сыт щыгъуи зытетщIыхьыр цIыхухэм я псэукIэр егъэфIэкIуэнырщ. Псалъэм папщIэ, 2016 гъэм а Iуэхугъуэхэм бюджетым и процент 70-р хухихащ», - къыхигъэщащ УнафэщIым.

Апхуэдэуи Егоровэ Татьянэ тепсэлъыхьащ щIыналъэм и экономикэм хэлъхьэныгъэ хуэзыщI мэкъумэш IэнатIэм. «Ди экономикэм и щытыкIэ гугъур къызэдмынэкIыфами, иужьрей зэманым гулъытэ хэха ди щIыналъэм щегъуэт пхъэщхьэмыщхьэхэмрэ хадэхэкIхэмрэ къэгъэкIыным икIи, шэч хэмылъу, абыхэм елэжьхэм къэралым защIегъакъуэ. УФ-м мэкъумэш IэнатIэмкIэ и министр Ткачёв Александр мы гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым къыщыкIуам къыхигъэщауэ щытащ илъэс къэс республикэр жыг хадэ гектар миным щIигъум зэрелэжьыр икIи и ехъулIэныгъэхэмкIэ Урысейм сыт щыгъуи ар зэрыщыпашэр», - жиIащ КъБР-м и Парламентым и УнафэщIым.

КъБР-м и Парламентыр 2017 гъэм нэхъыщхьэу зэлэжьынухэм я гугъу щищIым, Егоровэ Татьянэ къыхигъэщащ адэкIи республикэм и хабзэхэр егъэфIэкIуэным ар зэрыхущIэкъунур, социальнэ Iуэхухэр зэрагъэзащIэр, сыт щыгъуи хуэдэу, и нэIэм зэрыщIигъэтынур, хущхъуэкIэ цIыхухэр къызэрызэрагъэпэщымрэ республикэм узыншагъэр хъумэнымкIэ и IуэхущIапIэхэм IэщIагъэлIхэр зэрахурикъумрэ зэрыкIэлъыплъынур, инвестицэ Iуэхухэм щIыналъэм зыщегъэужьыным зэрыпащэнур. «Зыщыдгъэгъупщэ хъунукъым хьэрычэт Iуэху мыин, курытхэм зегъэужьыныр тегъэщIапIэ тщIыуэ, ди экономикэр едгъэфIэкIуэн зэрыхуейр. Абыхэм гъуэгу етыным делэжьынущ КъБР-м и Парламентым и гъатхэ сессием», - дыщIигъуащ Егоровэм.

ЗэIущIэм и кIэм Егоровэ Татьянэ журналистхэм фIыщIэ яхуищIащ республикэм щекIуэкI Iуэхугъуэхэр цIыхубэм я деж зэрынахьэсым папщIэ, ИлъэсыщIэ къэблагъэми зэпымыууэ хъыбар гуапэкIэ щIыналъэм щыпсэухэр ягъэгуфIэну журналистхэм къехъуэхъуащ.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

«Лъэпкъхэм, щэнхабзэхэм яку дэлъ зэхущытыкIэхэр гъэбыдэнымкIэ граждан жылагъуэм иIэ мыхьэнэр» щIэныгъэ-практикэ конференцым и РЕЗОЛЮЦЭ

Дунейпсо Адыгэ Хасэм и жэрдэмкIэ, КъБР-м Граждан жылагъуэ институтхэм ядэлэжьэнымрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ и управленэм къыдиIыгъыу, 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 16 - 18-хэм Налшык щекIуэкIащ «Лъэпкъхэм, щэнхабзэхэм яку дэлъ зэхущытыкIэхэр гъэбыдэнымкIэ граждан жылагъуэм иIэ мыхьэнэр» щIэныгъэ-практикэ конференц. Абы хэтащ къэрал властым, жылагъуэ, дин, щIэныгъэ, егъэджэныгъэ IэнатIэхэм я лIыкIуэхэр.

Конференцым хэтахэр едэIуащ икIи тепсэлъыхьащ абы и утыку ирахьа докладхэмрэ ахэр къызэпкърызых къэпсэлъэныгъэхэмрэ. Абыхэм къыхагъэщащ республикэм щыпсэу лъэпкъхэм, абыхэм я щэнхабзэхэм яку дэлъ зэхущытыкIэхэр гъэбыдэнымкIэ, щIыналъэм мамырыгъэрэ зэгурыIуэныгъэрэ илъынымкIэ къэрал властым, жылагъуэ, дин, щIэныгъэ, егъэджэныгъэ IэнатIэхэм я зэдэлэжьэныгъэм мыхьэнэшхуэ зэриIэр. Конференцым хэтахэр и бийщ экстремизмэм, лъэпкъхэм яку гужьгъэжь къыдэзыгъахъуэ дэтхэнэ Iуэхугъуэми.

Лъэпкъхэм, абыхэм я щэнхабзэхэм я зэхуаку дэлъ зэхущытыкIэхэм зегъэужьынымкIэ къэралымрэ жылагъуэмрэ я зэфIэкIхэр зэщIэгъэуIуэн мурадкIэ, Къэрал лъэпкъ политикэм 2025 гъэ пщIондэ и стратегиер, Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэм 2025 гъэ пщIондэ и социально-экономикэ зыужьыныгъэм и стратегиер я тегъэщIапIэу, конференцым хэтахэм Iэмалыншэу къалъытэ:

Урысей Федерацэм щыпсэу лъэпкъхэм яку дэлъ зэхущытыкIэхэр гъэбыдэн папщIэ, къэрал-жылагъуэ зэдэлэжьэныгъэм адэкIи зегъэужьыныр;

лъэпкъхэм, абыхэм я щэнхабзэхэм яку дэлъ зэхущытыкIэхэр езыгъэфIакIуэ, щIалэгъуалэм я псэкупсэ, хэкупсэ гъэсэныгъэм хуэгъэпса социальнэ проектхэр дэIыгъыныр, радикальнэ гупсысэхэм жылагъуэм зыщемыгъэужьыным хуэунэтIа лэжьыгъэхэр егъэкIуэкIыныр;

лъэпкъхэм, щэнхабзэхэм я зэхущытыкIэр езыгъэфIакIуэ лэжьыгъэхэмкIэ, Iуэху зехьэкIэ пэрытхэмкIэ, инновацэ технологиехэмкIэ, программэхэмрэ проектхэмкIэ зэдэгуэшэныр, абыхэм жылагъуэм зыщегъэубгъуныр;

граждан жылагъуэ институтхэр лъэпкъхэм яку дэлъ зэгурыIуэныгъэр гъэбыда хъунымрэ адэкIи зегъэужьынымрэ хуэгъэлэжьэныр;

дунейпсо зэгухьэныгъэхэм, Лъэпкъ Зэкъуэтхэм я Зэгухьэныгъэри (ООН) хэту, я дэфтэрхэм лъэпкъхэм я хуитыныгъэ нэхъыщхьэу къыщыгъэлъэгъуахэр гъэзэщIэныр икIи ахэр цIыхубэм я ехъулIэныгъэм хуэгъэлэжьэныр.

Конференцым хэтахэм даIыгъ Урысей Федерацэмрэ нэгъуэщI къэралхэмрэ щыпсэу адыгэ псоми я щэнхабзэ, щIэныгъэ, экономикэ къулеигъэр хамэ щIыпIэхэм щыIэ ди лъэпкъэгъухэми хуиту къагъэсэбэпыфыным хуэгъэпсауэ Дунейпсо Адыгэ Хасэм иригъэкIуэкI лэжьыгъэр.

Конференцым хэтахэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и унафэщIхэм фIыщIэ хуащI, лъэпкъхэм яку дэлъ зэныбжьэгъугъэр зэрагъэбыдэм, лъэпкъхэм я зэхуаку мамырыгъэмрэ зэгурыIуэныгъэмрэ, пщIэмрэ лъытэныгъэмрэ зэрыщахъумэм, а псори цIыхум, жылагъуэм, къэралым я ехъулIэныгъэм зэрыхуагъэлажьэм папщIэ.

«Лъэпкъхэм, щэнхабзэхэм яку дэлъ зэхущытыкIэхэр гъэбыдэнымкIэ граждан жылагъуэм иIэ мыхьэнэр» щIэныгъэ-практикэ конференцым хэтахэр.

Налшык къалэ, 2016 гъэ, дыгъэгъазэм и 17-м.

● Жылагъуэ зэгухьэныгъэхэр

ЩIалэгъуалэм йогупсыс

Дыгъэгъазэм и 15-м Печатым и Унэм щекIуэкIащ КъБР-м и жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я зэIущIэ. Ар къызэIуихащ КъБР-м Зауэм, Лэжьыгъэм, IэщэкIэ ЗэщIэуэзэда Къарухэмрэ хабзэхъумэ IуэхущIапIэхэмрэ я ветеранхэм я жылагъуэ зэгухьэныгъэм и унафэщI Шыхъуэбахъуэ Мухьэмэд.

- ДИ ЦIЫХУХЭМ, адэ-анэхэм, егъэджакIуэхэм захуэзгъазэу жысIэну сыхуейт ди быныр терроризмэм щыхъума хъуным ди къару псори етхьэлIэну. ЩIэблэр дэ дымыхъумэмэ, дымыгъасэмэ, дымыунэтIмэ, Iуэху щхьэпэхэм дедмыгъэхьэхмэ, щIэпхъаджащIэу ежьэжынуращ. Дунейм мыхъумыщIагъэ куэд къыщокIуэкI. А псори телевизоркIэ, ИнтернеткIэ ялъагъу. НыбжьыщIэр ягъэжакъуэмэ, къыпхуемыгъэгъэзэжыну и дуней еплъыкIэм, и хьэлым, и щытыкIэм зихъуэжынущ, имыщIапхъэ ищIэным тегушхуэнущ, - жиIащ абы.

Шыхъуэбахъуэм къыхигъэщащ къэралыр, адэ-анэр, егъэджакIуэхэр зэдэмылажьэмэ, щIэблэр гъуэгу захуэ трамыгъэувэмэ, щIэныгъэрэ IэщIагъэрэ ирамытмэ, ахэр зэрытIэщIэкIынур.

Мухьэмэд зэIущIэм хэтхэр къыхуриджащ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм яхузэфIэкI ялэжьыну, я Iуэху щхьэпэхэм щIалэгъуалэр хашэну, къэралыр къазэрыхуэныкъуэр абыхэм зрагъэщIэну.

ФЫРЭ Анфисэ.

Ди щIыналъэр къабзэу пIэрэ?

Мыпхуэдэ хабзэ дахэ щыIэщ: пщэдджыжьым укъэтэджрэ зыптхьэщIамэ, дунейр зэребгъэфIэкIуэным яужь ит
Экзюпери Антуан.

Хьэуа къабзэм, щIыуэпс гуакIуэм я щIыналъэу къалъытэу щыта Къэбэрдей-Балъкъэрым иужьрей зэманым зэхъуэкIыныгъэшхуэхэр игъуэтащ. Сэ зи гугъу сщIыр ди деж щащIа ухуэныгъэ инхэракъым, атIэ, фэрэкI напэ нэхъей, ди щIыналъэм и дэнэ щIыпIи узыщрихьэлIэ кIэрыхубжьэрыхухэрщ, ди щIыуэпсым и щытыкIэ хьэлъэрщ. Зым и дежкIи щэхукъым дызэрыбауэм, дызэфэм, тшхым ди узыншагъэр зэрелъытар. АтIэ, щхьэ зыдукIыжыну яужь дихьа, щхьэ зэпыдупщIрэ къэкIуэну щIэблэм я гъуэгу?

Урысей Федерацэм и Конституцэм и 42-нэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Конституцэм и 45-нэ статьяхэм къыщыгъэлъэгъуащ дэтхэнэри къэзыухъуреихь дунейр гурыхьу щытынымкIэ диIэ хуитыныгъэр. Къыщыгъэлъэгъуащ, ауэ...

«2013 - 2020 гъэхэм КъБР-м и щIыуэпсыр хъумэным и IуэхукIэ» къэрал программэр ди деж щолажьэ. Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIыуэпсым и щытыкIэр къэпщытэнымрэ хъумэнымкIэ къызэрагъэпэща комиссэм мазищ къэс зэ муниципальнэ щIыналъэхэм я къабзагъыр къепщытэри, абы кърикIуахэр Правительствэм хуагъэхь.

Ди щIыналъэм и щIыуэпс уасэншэр яхъумэн папщIэ ди деж лэжьыгъэ гуэри щызэфIамыгъэкIыу жыпIэ хъунукъым, ауэ пхъэнкIийр нэхъ мащIэ зэрымыхъумкIэ къуаншагъэ зыбгъэдэлъыр зэкIэ наIуэкъым.

2016 гъэм КъБР-м и Iэтащхьэм Парламентым Зэрызыхуигъэзам щыжиIауэ щытащ языныкъуэ муниципальнэ щIыналъэхэм я къабзагъым жыжьэуи гъунэгъууи арэзы къызэримыщIыр, ар сыхьэт бжыгъэм зэфIэпхыфын Iуэхуу зэрыщымытыр къыгурыIуэми, абы ирахьэлIэ лэжьыгъэр зэрыфIэмащIэр. КъыкIэлъыкIуэу КIуэкIуэ Юрий Правительствэм щригъэкIуэкIа зэIущIэхэм мызэмытIэу а Iуэхур къыщиIэтащ, щIыналъэхэм я унафэщIхэр къыхуриджащ щхьэж къылъыс щIы Iыхьэр къабзэлъабзэу зэрихьэну. Иджыпсту дэ долъагъу щысхьыншэу пхъэнкIий идзыпIэ ящIа хъупIэхэр, псыхъуэхэр, зыгъэпсэхупIэ щIыпIэхэр, къуажэбгъухэр.

Зи гугъу тщIа къэрал программэм «КъБР-м щыIэ кIэрыхубжьэрыхухэр зэрызэбграшыр къызэгъэпэщын» и гуэдзэнри ди деж щолажьэ. ГурыIуэгъуэ хъун папщIэ: илъэс къэс ди республикэм кIэрыхубжьэрыхуу тонн мин 400 щызэтрехьэ. Къуажи 122-м ящыщу 106-р щIыпIэ администрацэхэм я къарукIэ ягъэкъабзэ, адрей жылэхэм щыпсэухэм я пхъэнкIийр езыр-езыру дашри, щхьэж здыхуейм деж щрекIут. Апхуэдэу къабзэ ухъун?

КъБР-м ЩIыуэпсым и хъугъуэфIыгъуэхэмрэ экологиемкIэ и министерствэм къызэригъэлъагъуэмкIэ, кIэрыхубжьэрыху быдэхэр щыщIатIэ хъуну ди республикэм щIыпIэ хэхауэ 112-рэ щыIэщ. Абыхэм ящыщу 58-р (процент 48,5-р) апхуэдэ щIыпIэхэм яIэн хуейуэ къигъэув къабзагъым теткъым. Iуащхьэмахуэ лъапэрэ Iуащхьэмахуэ щIыналъэмрэ къуакIэбгыкIэу зэрыщытым къыхэкIыу кIэрыхубжьэрыху зэхуэхьэсыпIэ щыпщI хъун щIыпIэ хэха иIэкъым. Тырныауз къалэм и пхъэнкIий идзыпIэр Бахъсэнупсым и Iуфэм щыIэщи, абыи псыр иуфIеинкIэ шынагъуэ щыIэщ.

2014 гъэм щыщIэдзауэ кIэрыхубжьэрыхухэр зэхэзыдз завод Аруан щIыналъэм щолажьэ. Абы иращалIэ Налшык, Лэскэн, Аруан, Шэджэм муниципальнэ щIыналъэхэм щызэхуахьэсхэр. Зы илъэсым кърибудэу заводым зэхидзыфынур тонн мини 100-щ, фигу къэдгъэкIыжынщи, КъБР-м тонн мин 400 диIэщ илъэсым.

Хабзэр къызэпауду къызэрагъэпэща пхъэнкIий идзыпIэхэр гъэкIуэдыгъуафIэ хъунукъым, ар зэхэзыдз, абыхэм щелэжь предприятэхэр къызэрыдэмэщIэкIым и зэранкIэ.

Ди щIыналъэм и къабзагъыр егъэфIэкIуэнымкIэ лэжьыгъэ пыухыкIа зэфIегъэкI КъБР-м и Жылагъуэ палатэм. Иджыблагъэ абы и зэIущIэм прокуратурэм и лIыкIуэр къыщыщыпсалъэм зэрыжиIамкIэ, 2016 гъэм ирагъэкIуэкIа къэпщытэныгъэм ипкъ иткIэ, щIыуэпсыр хъумэным хуэгъэпса хабзэр къызэпызыуд Iуэхуу 1704-рэ къыщIагъэщащ.

Псалъэм папщIэ, Шэрэдж муниципальнэ щIыналъэм и прокуратурэмрэ «Роспотребнадзор»-м и къудамэу КъБР-м щыIэмрэ «IуэхущIапIэхэмрэ унагъуэхэмрэ я кIэрыхубжьэрыхухэм я IуэхукIэ» федеральнэ унафэр Бабугент, Безенги, Балъкъэр Ипщэ къуажэхэм къыщызэпауду къахутащ.

Аушыджэррэ Зэрэгъыжрэ я щIыпIэ куэдым пхъэнкIий идзыпIэхэм ущрохьэлIэ. Апхуэдэ щытыкIэ итщ ди республикэм и нэгъуэщI муниципальнэ щIыналъэ куэди.

УФ-м и Президент Путин Владимир Федеральнэ Зэхуэсым Зэрызыхуигъэзам щIыуэпсыр хъумэным и Iуэхури къыхигъэщащ. «Дэ ди политикэр Урысейм и лъапIэныгъэ нэхъыщхьэр - цIыхур - хъумэным, абы зегъэужьыным теухуащ. Абы папщIэ ди къарури зэфIэкIри унагъуэм и хабзэфIхэр мыгъэкIуэдыным, демографием ехьэлIа программэхэм, щIыуэпсыр егъэфIэкIуэным, цIыхухэм я узыншагъэр хъумэным, егъэджэныгъэмрэ щэнхабзэмрэ зегъэужьыным идохьэлIэ. Зыщыдвмыгъэгъэгъупщэ, дэ зы къэралщ диIэр», - щыжиIащ а зэIущIэм УФ-м и Президентым.

2017 гъэр ЩIыуэпсым и илъэсу ди къэралым щагъэуващ. Президентым и псалъэхэр унафэщIхэми цIыху къызэрыгуэкIхэми зэхуэдэу зэхахыну дыщогугъ. Адыгэм зэрыжиIащи, зым ищIэр адрейм имыгъэдахэмэ, псыхэкIуадэ мэхъу. Дывгъэхъумэ зэгуэсэу дыщыпсэу дунейр.

ЩОМАХУЭ Залинэ.

Зэкъуэтыныгъэм и дерсхэр

● Тэрч щIыналъэ

Тамбовскэ къуажэм дэт курыт еджапIэм щекIуэкIащ «Iэпэ зэрыIыгъыу гъащIэм дыкъыщызэдекIуэкIынщ» зыфIаща пшыхь.

МАМЫРЫГЪЭМ, зэкъуэтыныгъэм, гулъытэм къыдэкIуэтей щIэблэр щIэпIыкIыным теухуа мы Iуэхур зи жэрдэм егъэджакIуэ-психолог Мухамеджановэ Зульфия щыгъуазэ дызэрищIамкIэ, лъэпкъ зэхуэмыдэ куэд мамыру щызэдэпсэу ди щIыналъэм щIалэгъуалэр зыщIэтпIыкIын щапхъэ гъуэзэджэхэр и гъунэжщ. Апхуэдэщ дэтхэнэ зы лъэпкъми къыдекIуэкI хабзэ, щэнхабзэ дахэхэр, цIыху хэтыкIэр. Мыбыхэм ди сабийхэр хуаущий цIыхур зэрылъагъуным, зэрыIыгъыным, жылагъуэ гъащIэм екIуу хэтыным. «Гуапагъэм и гъуэгу» зыфIаща зэпеуэхэм жыджэру хэта еджакIуэ цIыкIухэм я зэфIэкI ягъэлъэгъуащ, «зэкъуэтыныгъэм и дерсхэм» щIэдэIуащ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

● Дэ къытхуатх

ГъащIэр тхуэзыгъэIэфI ди нанэ

Дызытет дунейр тхуэзыгъэнэху, ди гъащIэр тхуэзыIэгъэIэфI цIыхухэм ящIыщIу ди адэ-анэхэр. Абыхэм япедмыдзыхыу фIыщIэу долъагъу ди дадэхэр, нанэхэр - бынми абыхэм къащIэхъуэ щIэблэми дахагъэу щыIэмкIэ яхуэупсэну, фIыгъуэ псори бгъэдалъхьэну щIэхъуэпс а цIыху псэ къабзэхэр. Адэшхуэ-анэшхуэхэм я жьауэм щIэту къэхъу дэтхэнэми Тхьэшхуэр насыпкIэ къызэрыдэтам шэч хэлъкъым.

АПХУЭДЭУ щIыжысIэм и щапхъэ наIуэщ ди анэшхуэ Хьэщыкъуей Нинэ (Хьэуа) и дуней тетыкIэр, абы бынным, къуэрылъху-пхъурылъхуэхэмрэ абыхэм я быныжхэмрэ яхуиIэ гурыщIэ къабзэр. «Быныр анэм и хъуахуэщI», - жеIэ адыгэ псалъэжьым. А лъэпкъ Iущыгъэм пцIы хэлъкьым, атIэ ми ди нанэ, нанэшхуэ и дежкIэ и быным хуэдабзэу, и псэм дрихьуахуэщ дэри - абыхэм я щIэблэхэри. Ар дэ зыхьидощIэ нанэ къытхуиIэ лъагъуныгъэшхуэмкIэ, Iэщабэ-Iущабэу къызэрыгъэтыкIэ, гуапагъэрэ хуабагъэу къыпкърыкIымкIэ.

Аруан районым хыхьэ Джэрмэншык хуъажэм 1931 гъэм дыгъэгъаэм и 21-м къыщалъхуащ ди нанэ. Абы и адэ-анэхэу Кьардэнхэ Хьисэрэ Тау-жанрэ быныфIэт: IущIэлипIэр хъыджэбзитIрэ къащIэхъуат. Быным ящыщ дэтхэнэри зэщхьэгъусэхэм ягъэсащ лъэпкъ хабзэм кьитIасэу, цIыху пэжу, дзыхь кьыхуащI сыт хуэдэ кьалэрэ ныкъусанагъэншэу ягъэзащIэу. А нэхъыжькьифIхэм я гъащIэ мардэр щапхъэ яхуэхъуащ абыхэм я щIэблэхэмри.

Зи сабиигъуэр Хэку зауэшхуэм и лъэхъэнэм хиубыдахэм ящыщщ нанэ. Куэдрэ абы жиIэжу зэхэтащ фашист зэрыпхъуакIуэхэр ди щIынальэм зэритам, иужькIэ советыдзэр абыхэм зэратекIуам теухуа хъыбархэр. ЦIыщIыкIум ишэча гугъуехьхэм иращIыкIыфакъым ар, гъащIэр, дунейр фIэIэфIу, еджэным дихьэхыу къэтэджащ. Къуажэм дэт курыт школым и классийр екъулIэнысIэкIэ кьиуха нэужь, Нинэ егъэджакIуэ Iэщ-Iагъэр щызэригъэгъуэтащ Налшык педучилищэм. Еджэныр зэфIихри лэжьэн щыщIидзащ Щхьэлыкьуэ дэт курыт школым, пэщIэдзэ классхэр иригъаджэу. Егъэджэныгъэсхэмыгъэ Iэнатlэм куэдрэ пэрыта нэужь, Нинэ лэжьыгъэм щыпищащ жьлэм дэт тыкуэным. Абы и унафэщIуи зэман кIыхькIэ щытащ. Сыт хуэдэ Iэнатlэ пэрымытами, ар хущIэкъуащ и пщэрылъхэр къызыхуэтыншэу зэрригъэззэщIэным, цIыхухэр къыхуэарэзыуэ лэжьыгъэр зэрыгрихьэкIыным. А псоми къадэкIуэу ар унагъуэ Iуэхухэр къызыхуэтыншэу зэзыгъакIуэ бзылъхугъэт.

Нобэ ди нанэ Хьэщыкьуейхэ я бынунагъэщхуэм ди нэхъыжьщ. Абырэ ди дадэ Зулчифрэ (и ахърэтыр нэху Тхьэм ищI) унагъуэ дахэ яухуащ, быныфIикъащIэхъуащ: хъыджэбзитIрэ щIалитIрэ. Зэщхьэгъусэхэм лъэкI къагъэнакъым я быниплIыр хабзэ, нэмыс яхэлъу, зыхэтым фIыкIэ кьаухащу ягъэсэн, щIэныгъэ нэхъыщхьэрэ Iэщ-Iагъэр ирагъэгъуэтын папщIэ. Бным я нэхъыжь Ксение и Iэщ-IагъэкIэ химикщ, абы кьыкIэлъыкIуэхэу Iэсиятрэ Заурбийрэ дохутыр Iэщ-Iагъэм хуеджауэ абы иролажьэ, нэхъыщIэ Заудин хьэрычэтыщIэщ.

БынымкIэ зи хъуэпсапIэхэр кьызэхъулIа анэр хъуащ анэшхуэ, нанэшхуэ IэфI. Абы зэрыжиIэмкIэ, зи быныр зыхуей хуэза, абыхэмкIэ гукъеуэ зимыIэ анэм и дежкIэ дунейр жэнэтщ. Бзылъхугъэ Iумахуэр иджы кьыдолIалIэ и къуэрылъху-пхъурылъхуэм, абыхэм кьащIэхъуэхэм. Зи нэгум угъурлыгъэ кьрих анэм, анэшхуэм, нанэшхуэм хэлъ гуапагъэмрэ Iэсэ-лъасагъэмрэ, щабагъэмрэ цIыхугъэ инымрэ малъхъэдисым хуэдэу дыззэпашэ. И бынхэм хуэдэу, дэри ди дэтхэнэ лъагапIэмэ текIуэныгъэмэ гурэ псэкIэ щогуфIыкI ди нанэ, и лъэр жан дэхъуу, и гукъыдэжым хэхъуэу. Дэри дыхущIокъу ди нанэ дыщэм игу фIы тщIыуэ дызэрыпсэуным.

ГъащIэм и пIалъэ фIыуэ зыщIэ ди нанэ къызыхъкIами, зыхэс лъэпкъми, зыдэс жьлэми пщIэрэ нэмысрэ щиIэщ. Ар куэдым яхуохъу чэнджэщакIуэ, унэтlакIуэ нэс.

Ди анэшхуэм и ныбжьыр нобэ илъэс 85-рэ ирокIу. «Жьыщхьэ махуэ хъуащ» зыхужаIэм хуэдэ ди нанэ зыхудогъаззри жьдоIэ: «ФIыуэ тлъагъу, псэм щыдгъафIэ ди анэшхуэ дыщэ, анэ гумащIэ, гуащэ гущабэ, нанэшхуэ Iэфl! Уи махуэ лъапIэмкIэ дынохъуэхъу! Узыншагъэ бдыз уиIэу, уи щIэблэм я насып, я екъулIэныгъэ, я хьэр плъагъуу, абыхэм уащыгуфIыкIрэ уи гукъыдэжыр кьаIэту, дэрэжэгъуэм ущымыщIэу куэдрэ укъытщхьэщытыну ди гуапэщ. Ди ущкIуэ, чэнджэщакIуэ, гьэсакIуэ Iумахуэм Тхьэр фIыгъуэкIэ кьыпхуэупсэ!»

ХЬЭЩЫКЪУЕЙХЭ
Зулчифрэ Нинэрэ
я къуэрылъху-пхъурылъхуэхэр,
абыхэм я бныжхэр.
Щхьэлыкьуэ хуъажэ.

Кьыщпэк. ХьэтIохъущы-кьуей къуажэхэм щыщхэу Щомахуэ Елдаррэ Иуан Хъанрэ къыхуагъэфэщауэ щыта СССР-м и къэрал дамыгъэхэм я тхыльхэр Бахъсэн щIынальэм и администрацэм абыхэм я Iыхьлыхэм щратыжащ.

А IУЭХУ щхьэпэм хэтащ КъБР-м и Парламентым и комитетым и унафэщIым и къуэдзэ Мэремыкьуэ Сэфарбий, Зауэм, Лэжьыгъэм, Iэщ-кIэ ЗэщIэуэзда къарухэмрэ хабзэхьуэм Iэнатlэхэмрэ я ветеранхэм я республикэ советым и тхьэмадэ Шыхъуэбахьуэ Мухьэмэд, Бахъсэн щIынальэм и прокурор Бэшорэ Аслъэн, Бахъсэн къаIэм, Бахъсэн, Дзэлыкьуэ районхэм я дзэ комиссар Сосналы Мухьэмэд, щIынальэм и хабзэхъумэ органхэм я унафэщIхэр, Бахъсэн районым и къуажэ администрацэхэм я Iэтащхьэхэр, къэлъыхъуакIуэ зэадэзэпхъухэу Нэхущхэ Ахьмэдрэ Дианэрэ, Щомахуэ, Иуан лъэпкъэм щыщхэр, ХьэтIохъущыкъуей дэт кадет школ-интернатым и гъэсэнхэр, районым и еджапIэхэм я дзэ-ныбжьыщIэ гупхэр.

ЗэIущIэр къызэIуихащ Бахъсэн щIынальэ администрацэм и Iэтащхьэм и кьалэнхэр зыгъэзащIэ Сыжажэ Хьэсэн.

Ахьмэдрэ Дианэрэ илъэсиТI хъуауэ ирагъэкIуэкI къэлъыхъуэныгъэ лэжьыгъэхэм я фIыгъэкIэ, СССР-м и къэрал дамыгъэу плIыщIым щIигъу кьагъуэтыжри, зауэм хэкIуэдахэм (дунейм ехьыжахэм) я унагъуэхэм Iэрагъэхьажащ. А дамыгъэхэм ящыщу тIощIыр Бахъсэн щIынальэм хуоз.

Щомахуэ Елдаррэ Иуан Хъанрэ къыхуагъэфащауэ щыта «Вагъуэ Плъыжь» орденымрэ «Кавказыр зэрихьумам папщIэ» медалымрэ я щыхьэт тхыльхэр, илъэс блыщым щIигъу дэкIуэу, абыхэм я Iыхьлыхэм иратажащ.

Къыхэгъэщыпхъэщ «Вагъуэ Плъыжь» орденыр СССР-м и дамыгъэ нэхъ лъапIэ дыдахэм зэращыщыр. Ар япэ совет орденщ - лIыгъэм и щапхъэ кьагъэлъагъуэу, щхьэмыгъаззу социалист Хэкур зыхъумэхэм иратын папщIэ яязуат. 1930 гъэм Ленин орденыр щьащтэхункIэ, «Вагъуэ Плъыжьыр» Совет Союзым и дамыгъэ нэхъыщхьэу щытащ.

ЗауэлIхэм я щIэблэм Бахъсэн район администрацэм и Iэтащхьэм и кьалэнхэр зыгъэзащIэ Сыжажэ Хьэсэн, къэлъыхъуакIуэ зэадэзэпхъуэу Нэхущхэ Ахьмэдрэ Дианэрэ фIыщIэ хуащIащ я зэIущIэр гуапэу, гукъынэжу кьызэрызэрагъэпэщам папщIэ.

КъБР-м и Парламентым и комитетым и унафэщIым и къуэдзэ Мэремыкьуэ Сэфарбий кьыхигъэщащ щIалэрэ кьуэлпэу хэкупсэу къэгъэхьунымкIэ мыпхуэдэ Iуэхугъуэхэр зэрыдерс щхьэпэр, Бахъсэн щIынальэм и къэлъыхъуакIуэхэм я щапхъэр республикэм и адрей щIыпIэхэми хэIущIыну щIыщIым мыхьэнэщхуэ зэриIэр.

Зауэм, Лэжьыгъэм, Iэщ-кIэ ЗэщIэуэзда къарухэмрэ хабзэхьуэмэ IэнатIэхэмрэ я ветеранхэм я Къэбэрдей-Балъкъэр советым и тхьэмадэ Шыхъуэбахьуэ Мухьэмэд иригушхуэу къиргъэлъэгъуащ удихьэхыу икIи гукъинэжу зэIущIэр зэрекIуэкIар, лъэхэм хуэпэжу щIэблэр гъэсэным теухуа зэщIэхъеенныгъэм зрагъэужьым и мызакъуэу, къэралым и пащхьэм фIыщIэшхуэ щыIэ я хэкуэгъухэм я фэеплъыр гъэлъапIэнымрэ муниципалитетым и унафэщIхэм гулъытэ хэха зэрыхуащIыр.

Хабзэ зэрыхъуам тету, районым и еджакIуэхэмрэ щанхабзэм и лэжьакIуэхэмрэ зэхьыхьэ ягъэбжьыфIащ.

ЧЫЛАР Аринэ.

● Ди псэукIэр

Уэрамхэмрэ унэ бжэIупэхэмрэ

2017 гъэм уэрамхэмрэ фэтэр куэду зэтет унэхэм я бжэIупэхэмрэ зыхуей хуэгъэзэным къэрал бюджетым щыщу трагъэкIуэдэнущ сом мелард 20,5-м нэс.

УФ-м и Правительствэм мы Iуэхум теухуауэ къыхихгъэщащ ахъшэр Урысейм и щIынальэ псоми зэрытрагъэшэнур, абыкIэ зэфIагъэкIыну лэжьыгъэхэр иужькIэ ткIийуэ къызэрапщытэнур. Псом ящхьэращи, нобэм къэс къэмыхъуауэ, уэрамхэр, бжэIупэхэр зыхуей щыхуагъаззкIэ а щIыпIэхэм щыпсэухэм я лъэIуэр ягъэзащIэ кьудей мыхъуу, я Iуэху еплъыкIэри кьалъытэнущ. Кьапщтэмэ, бжэIупэ къэс ягъэдэхэнущ щIыхуэхэм нэхъ зэрафIэтэмэмым хуэдэу.

● Дэ нэхъыжьыфIхэр

Сыт и лъэныкъуэкIи щапхъэ

Аушыджэр кьуажэм 1938 гъэм дыгъэгъаэзм и 21-м къыщалъхуащ Жылокъуэ Мухьэмэдин. Кружок зэмылIэужьыгъуэхэм жыджэру хэту (къэфакIуэ, уэрэджьыIакIуэ, театр жьыIэмэ, нэгъуэщIхэми), щытхъу тхылъхэр къыхуагъэфащауэрэ школыр екъулIэныгъэкIэ кьиухащ абы.

МАКЪ жьгъыру дахэ зиIэ Жылокъуэм и гъащIэр гъэнщIа хъуат творческэ и лъэныкъуэкIэ. Бгъэдэлъ эччйм гу лъатэри, и ныбжьыр щIалэ дыдэу утыку кьрашат арикIи адыгэ лъэпкъым, Къэбэрдей-Балъкъэрым я пщIэр куэдрэ иIэтащ Мухьэмэдин.

Къэбэрдейр Урысейм зэрыгухьэрэ илъэс 400 зэрырикъур гъэлъапIэным хэтыну нэхъ хьилым зыбгъэдэлъу кьалъытэ щIалэгъуалэр республикэм къыщыхэшыным теухуа зэпеуэ ирагъэкIуэкIырт. ИкъукIэ цIыху куэд хэтат абы. Абы нэмыщIи, республикэм уэрэдымрэ кьафэмкIэ и ансамбль зэфIагъэувэну абы и Iуэхуи зэрахуэрт. Зэпеуэм нэхъыфIу кьыщалъыта щIалэгъуалэм Жылокъуэрэ яхэтащ. Ахэр мазищкIэ игъэхьэзыращ, иужькIэ, 1956 гъэм щIышылэм и 3-м, КъАССР-м и хорым ар агъэхьащ. Ахэр игъэхьэзырыну а лъэхъэнэм Москва кьрашат композитор цIэрыIуэ Мурадели Вано.

- Москва дыкIуэн ипэкIэ концерт программэр Iыхьитlу гъэшIуэ комиссэм едгъэлъэгъуат. Ялп Iыхьэр «Гибель «Варяга» уэрэдымкIэ духырт. Ар хорым жиIэн щиучхам, Мурадели и нэпсыр щIилъэщIыкIыурэ, жиIауэ щытащ: «Къэралым и хорхэм жалэ уэрэду сэ сызэмыдэIуа къэнауэ къыщIэкIынукъым, ауэ мыпхуэдэу псэм хьыхьу, гур игъэтIысу гъэззэщIэкIэ иджыри срихьэлIакъым». А уэрэдыр абы и гум апхуэдизкIэ хьыхьати, зыдгъэпсэхуну махуит1 кьыдитауэ щытащ, - игу кьеГъэкIыж Мухьэмэдин.

1957 гъэм Москва Iэтауэ щекIуэкIащ адыгэ щэнхабзэм и махуэхэр. Кьалащхьэм и концерт гъэлъэгъуапIэ нэхъ ин дыдэкIэм (Театр Иным, Совет Армэм и Театрым) зыкъыщагъэлъэгъуат ди артистхэм. А лъэхъэнэм абыхэм я дирижёру щытащ икъукIэ зэчиишхуэ зыбгъэдэлъ Орловы-Шуэым Аристархэ.

1960 гъэхэм хорым и дирижёру лэжьащ Попов Василий. Гупым я солистхэт Кlуж Борис, Сосмакъ Валентинэ, Беппаев Сергей, Шыгъушэ Мышэ, Шыкъ Мышэ, Жылокъуэ Мухьэмэдин сымэ.

- Урысейм и щIыпIэ куэдым зы мазэм кьриубыдэу концертхэр щыттырт. Барнаул дыщыIэу концертым нэкIауэ щытащ космонавт Титовым и адэ-анэр. А зэманым космонавтхэм ятеухуауэ уэрэд цIэрыIуэ яусауэ щытащ («Присядем, друзья, перед дальней дорогой» жьхуиIэр). Сэ ар згъэззэщIат, хорыр си гъусэу. Иджыпсту хуэдэу сощIэж: а уэрэдыр плIэнэйрэ жьзагъэIауэ щытащ, - жеIэ Мухьэмэдин.

Жылокъуэр 1965 гъэм Москва кIуэри, Гнесинхэм я цIэр зезыхьэ Къэрал макъамэ-педагогикэ институтым щIэныгъэ нэхъыщхьэ щызригъэгъуэтащ.

- Театр гъэзджэмкIэ къэрал институтым (ГИТИС) щеджэ гупымрэ дэрэ дызэгъуэгу Листов Константин и опереттэ «Севастопольский вальс» жьхуиIэр 1969 гъэм Москва щыдгъэзэжыр дыкъэкIуэжа нэужь, абыкIэ Музыкэ театрыр къызэIутхащ, балетри кьытхэту, - кьыпещэ и псалъэм Жылокъуэм.

Ди театрым драмэ тенор иIэтэкъым, Мухьэмэдин фIэкIаи, партие нэхъыщхьэр абы игъэззэщIэн хуей хъурт. Абы нэхърэ нэхъ насыпышхуэ солистым и дежкIэ щыIэ! Апхуэдэ зэфIэкI зэрыбгъэдэлъым папщIэ, куэдрэ роль нэхъыщхьэкIэр къыхуагъэфэщащ абы. «Молодая гвардия» оперэм Кошевой Олег и партиер щыжиIащ. Абы щыгъуэ Мухьэмэдин къыхуагъэфэщауэ щытащ 1-нэ нагъыщэ зиIэ дипломыр. Къэбэрдей-Балъкъэрым и «Мадинэ» ялп лъэпкъ оперэр щагъэувам, абы Заур и партиер, Штраус и «Летучая мышь», «Цыганский барон», Гаджиевым и «Кавказская пленница», нэгъуэщI куэдми роль нэхъыщхьэхэр щигъэзэщIащ Жылокъуэм.

Зи лэжьыгъэр гурэ псэкIэ езыхьэкIа Жылокъуэ Мухьэмэдин гулъытэншэу къэнакъым. Абы «КъБАССР-м щыхь зиIэ и артист», «КъБАССР-м и щыхьэ артист» цIэ лъапIэхэр кьыфIащащ, КъБАССР-м, Адыгеим, Армениим, нэгъуэщI щIыпIэхэми я фIыщIэ, щытхъу тхылъ куэд къратащ.

КьыдэкIуэтей щIэблэр фIым кьыхуеджэным, абыхэм гъуэгугъэлъагъуэ яхуэхъуным и гуащIэ куэд зэрыхилъхьэм папщIэ, КъБР-м ЕгъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и министерствэм фIыщIэ тхылъ кьыхуигъэфэщащ Жылокъуэм. Кьинэмыщащ, Мухьэмэдин ислъам диным зегъэубгъуным зэрытелажьэм ипкъ иткIэ, КъБР-м и Дин Iуэхущапlэр фIыщIэ тхылъкIэ кьыхуэупсащ. Жылокъуэ Мухьэмэдин Аушыджэр дэт мэжджытым и Iимамащ, цIыхубзр фIым кьыхуреджэри, узыншагъэ иIэу и унагъуэ дахэм куэдрэ Тхьэм ящхьэщигъат.

АФIэУНЭ Лусаннэ.

Илъэс 70-м щIигъу дэкIауэ

● Бахъсэн щIынальэ

Кьыщпэк. ХьэтIохъущы-кьуей къуажэхэм щыщхэу Щомахуэ Елдаррэ Иуан Хъанрэ къыхуагъэфэщауэ щыта СССР-м и къэрал дамыгъэхэм я тхыльхэр Бахъсэн щIынальэм и администрацэм абыхэм я Iыхьлыхэм иратажащ.

А IУЭХУ щхьэпэм хэтащ КъБР-м и Парламентым и комитетым и унафэщIым и къуэдзэ Мэремыкьуэ Сэфарбий, Зауэм, Лэжьыгъэм, Iэщ-кIэ ЗэщIэуэзда къарухэмрэ хабзэхьуэм Iэнатlэхэмрэ я ветеранхэм я Къэбэрдей-Балъкъэр советым и тхьэмадэ Шыхъуэбахьуэ Мухьэмэд иригушхуэу къиргъэлъэгъуащ удихьэхыу икIи гукъинэжу зэIущIэр зэрекIуэкIар, лъэхэм хуэпэжу щIэблэр гъэсэным теухуа зэщIэхъеенныгъэм зрагъэужьым и мызакъуэу, къэралым и пащхьэм фIыщIэшхуэ щыIэ я хэкуэгъухэм я фэеплъыр гъэлъапIэнымрэ муниципалитетым и унафэщIхэм гулъытэ хэха зэрыхуащIыр.

Хабзэ зэрыхъуам тету, районым и еджакIуэхэмрэ и еджакIуэхэмрэ щанхабзэм и лэжьакIуэхэмрэ зэхьыхьэ ягъэбжьыфIащ.

ЧЫЛАР Аринэ.

Нитратхэм фахуэсакъ

«Адыгэ псалъэ» газетыр къэзгъэсэбэну. Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэухэм захуэзгъэзэн хуей щIэхъуар Урысей Федерацэм и нэгъуэщI щIыпIэхэм къраш кIэртIофым и фIагъыр зыхуэдэрщ. ЗэрытщIэщи, ар зыщэхэм я нэхъыбэм фIагъым и щыхьэт тхылъ яIэкъым, сату щIыпIэхэри кьабзагъэм и пщалъэм къитIасэркъым. Адыгэ щIымахуэм яшхыну кIэртIофыр щагъэтIылъ зэманщ. Абы къыхэкIыу, къэралым и нэгъуэщI щIыпIэхэм ар къизышхэм захуэзгъэзэну сыхуейт.

ЩЭХУАКIУЭХЭРИ сатуущIэри хьэжэпхъажэ сщIыну си мурадкъым, ауэ цIыхухэм я узыншагъэмкIэ, нитрат, нитрит щхъухьхэм щыхьумэныкIэ дэтхэнэри зэрыжэуаптакIуэр ягу кьэзгъэкIыжу аращ.

Нитратхэмрэ нитритхэмрэ цIыхухэмэ, псэущхьэхэмэ я дежкIэ зэрышынагъуэм куэд щIауэ дыщыгъуазэщ. Иджыблагъэ си куэбжэпэм кIэртIофэ килограмм щитIым щIигъу хъыщыщсщэхуащ. ПщыхьэщхьэхуегъэзэкIти, зыхуэдэр тэмэму схуэзхэгъэкIакъым. Ягъэхьэзырри, сэр фIэкIа къэмынэу, и фIагъым дагъуэ лъэпкъ хуамышIу унагъуэм яшхащ. Операцэ щищIым, хирургым щыуагъэ Iэщ-Iэкри, си шхалъэм сэкъат игъуэтауэ, абы пIэндэрэ ерыскъыи и фIагъыр зыхуэдэр, хадэжкIэкIмрэ пхъащхьэмыщхьэмрэ нитрату кьебэкIыр зэрыхъур щыуагъэнэшэу къызегъащIэ. КIэртIофэ пIытIар (пюре) зэрысшхрэ сыхьэтрэ ныкъуэрэ нэхъ дэмыкIыу, си лъатэм сыхигъэзэхыу, си кьэжьын кьакIуэу хуежьащ. Зи гугъу сщIы кIэртIофым и теплъэр Чернобыль АЭС-р кьыщыуэ щыпIэм пэгъунэгъуэ кьыщагъэкIэжам ещхьти, «Урысейм Мэкъумэш кIэлъыплъныгъэмкIэ и Iуэхущапlэм и Къэбэрдей-Балъкъэр референт центр» ФГБУ-м и щагъэунэху лабораторэм кьыщегъэпщытащ. Анализхэм къызэрагъэлъэгъуамкIэ, хуэдитIкIэ, абы нэхъыбэкIэ нитратыр къебэкIыу кьыщIэкIащ.

Дызэрыщыгъуазэщи, цIыхум и дежкIэ нэхъ лъапIэр и узыншагъэрщ. Ар кьыпхуэщэжунукъым, абы кьыхэкIыу, ерыскъы кьабзэм куэд дыдэ иIыгъщ. «Пшхыр щызжеи, къоузыр бжесIэнщ» псалъэжьыр ауэ сытми кьежьакъым.

КъэпщытакIуэ Iэнатlэхэм лъэIукIэ захуэзогъаззэ кIэлъыплъныгъэр щIагъэткIиуе, цIыхухэр нитратхэм щахъумэну, апхуэдэу сатуущIэм ягу кьызэгъэкIыж ящэ продукцэм и фIагъымкIэ Урысей Федерацэм и законым кьызэригъэувым тету, жэуап зэрахьыр.

ЩОМАХУЭ Мухьэмэд.
Налшык къалэ

Гу зылъытапхъэ: «Урысейм Мэкъумэш кIэлъыплъныгъэмкIэ и Iуэхущапlэм и Къэбэрдей-Балъкъэр референт центр» ФГБУ-р ветеринариемэ, карантиным, къэкIыгъэхэр хьумэным, жылапхъэхэр къэгъэкIыным, агрохимием пыщIа гъэунэхунигъэхэр щрагъэкIуэкI, щIыгулъым и къэуатым, гъавэм, крупахэм, Iусыпхъэхэм, абыхэм халъхьэхэм, нэгъуэщI мэкъумэшхэкIхэм я фIагъымрэ я шынагъуэншагъэмрэ къыщащыщытэ иджырей лабораторэщ. И кьалэнэгъэ игъэззэщIэн папщIэ, 2013 гъэм мэлыжьыхьым и 2 пIэндэрэ 07.01.06.001 .П. 000001-р зи номер лицензэрэ (пIалъэншэу) аккредитацэм и RA. RU2IKB36 Аттестатрэ (пIалъэншэу) иIэщ. А лэжьыгъэр зи пщэрылъхэм ятеухуа хъыбархэр 2015 гъэм фокIадэм и 4-м реестрым ираIъхьащ.

Къэрал унафэкIи, цIыхухэм, Iуэхущапlэхэм, щхьэзэкъуэ хьэрычэтыщIэхэм я лъэIукIи гъэунэхуныгъэхэр ирегъэкIуэкI.

ПАРХОМЕНКЭ Александр.

● Щэнхабзэ

Зэкъуэтыныгъэмрэ зэныбжьэгъугъэмрэ яІэт

Налшык и Къэрал киноконцерт гъэлъэгъуапІэм щекІуэкІащ «Къэбэрдей-Балъкъэрым ис лъэпкъхэр» фестивалыр.

ХАБЗЭ дахэ хъуауэ, иужьрей илъэсхэм кьиззрагъэпэщ мамырыгъэм, зэныбжьэгъугъэм, зэкъуэтынныгъэм я махуэшхуэхэр. Ахэр хуэнэтІащ республикэм ис лъэпкъхэм яку дэлъ зэныбжьэгъугъэмрэ зэкъуэтыныгъэмрэ гъэбыдэзыщІэ, нэмыс зэхуащІу, шыІэныгъэ яхэлъу кьиздэгъэгъурыкІуэным, я лъэпкъ щэнхабзэмрэ кьадекІуэкІ хабзэ дахэхэмрэ адрейхэр хэгъэгъуэзэным.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и лъэпкъ щэнхабзэ центрхэм я Іуэхущ1апІэм и етІуанэ кьатым и пІуащІэ пошым щагъэува Іэнэ берычэтхэм щагъэлъэгъуащ шхыныгъэ зэмылІэужьыгъуэхэр, ІэфІыкІэхэр. Зэхыхьэм кьрихьэлІаХэм Іэмал яІащ шхыныгъуэхэм я Іэфіагъыр зыхуэдэм, лъэпкъ фащэхэм я щхьэхуэныгъэхэм еплъыну.

- Урысейм лъэпкъ зэмылІэужьыгъуэу 200-м, Къэбэрдей-Балъкъэрым 100-м щІигъу щопсэу. Зэрыгъэщи, къэралым и къулеигъэ нэхъыщхьэр абы иС лъэпкъхэм я зэкъуэтныгъэмрэ зэныбжьэгъугъэмрэщ. Ди щэнхабзэ зэхыхьэр и щыхьэтщ лъэпкъ псори зэрызэхуэдэм, зэрыфІыцІ, зэрыщапхъэгъэлъагъуэм. Зэкъуэтныгъэм, дахагъэм я махуэшхуэмкІэ республикэм исхэм сынывохьэхъу, гуапагъэрэ мамырыгъэрэ фыщымыщІэну си гуапэщ икІи фыкъыхуэзджэ ди зэхуаку дэлъ зэныбжьэгъугъэр лІэщІыгъуэкІэрэ хъумэным ди зэфІэкІкІэ къаурэ етхьэлІэну, - жиІащ КъБР-м Граждан жылагъуэ Іэхущ1апІэхэм ядэлэжьэныкъэр, лъэпкъ Іуэхухэмкі и управленэм и Іэтащхьэ **КІурашын Анзор**.

УФ-м КъБР-ми щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ я лэжьапІэ, КъБР-м и Кинематографистхэм я зэгухьэныгъэм, республикэм Щэнхабзэмкі и фондым, «Налшык-НОТР» телекомпаниеи я унафэщІ **Вэрокъуэ Владимир** фыщІэ яхуищІащ зэкъыхэр кьызэзыгъэпэщахэмрэ абы зыкъ ырезыгъэхьэлІахэмрэ. Вэрокъуэм и псалъэм кьыхиГъэщащ республикэм и лъэпкъ щэнхабзэ центрхэр нэгъуэщІ щІыпІэхэм щІэхэм кьэдкІуэ зэрефІэкІыр, ахэр зэрыкъэрууфІэр.

- Къэбэрдей-Балъкъэрым и лъэпкъ щэнхабзэ центрхэм щІыналъэм исхэр нэхъри зэкъуагъэуВэ, я къафэхэм, я хабзэхэм, я бзэм драгъэхьэх, я фащэхэмрэ шхыныгъуэхэмрэ хагъэгъуаз. Аэхр зэныбжьэгъугъэм и щапхъэ дахэщ. Лъэпкъ щэнхабзэ центрхэм кьызэрагъэпэщ зэхыхьэхэр щІыщыгъуэщ, гъэщІэгъуэнщ, щхьэпэщ. Ди Іуэхущ1апІэм и жэрдэмкІэ а центрхэр кьызэрыныгъхуам срогушхуэ икІи срогуфІэ. Адэкіи фефІэкІуэну, дяпэкІи зывыжьыну си гуапэщ! - жиІащ Вэрокъуэ Владимир.

Зэхыхьэр ягъэдэхащ республикэр зэрыгушхуэ уэрэджьІакІуэхэмрэ къэфакІуэхэмрэ.

ТЕКІУЖЬ Заретэ.
Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

«Къэхъуным» япэ топыр къыхудагъэкІ

● Футбол

КъБР-м футболымкІэ и щІымахуэ чемпионатым и еплІанэ джэгуГъуэращ «Къэхъуным» и гъуэм япэ топыр и хьэрхуэрэгъуэхэм къыщыдагъэкІыфар.

ХУАБЖЬУ удэзыхьэх хъуащ Налшык и «Спартак»-мрэ «Къэхъунымрэ» я зэпэщІэтыныгъэр. Ахэр зыр адрейм хуэфащэу къыщІэкІащ. Мыгъэрей зэхьэзэхуэм япэу топ къыхудагъэкІами, икІэм-икІэкІым, кьуажэдэсхэр текІуащ икІи пашэхэм ящыщ зыуэ зэнащ.

Зи чэзу очкоищыр зыІэрагъэхьащ зэпеуэм бжьыпэр щызыубыда адрей командитІми. Апхуэдэу «Звезда»-м «Спарта»-р хигъэщІащ, «Школ №31-Русгидро»-р «Союз-Сэрмакъым» ефІэкІащ.

Пашэхэм кьаэзрыкІэрыху щыІэкъым «Спартак-Налшыкым» и щІалэгъуалэ гупри. Ар бжьыгъэшхуэкІэ текІуащ «ГорИс-179 Кавказкабель»-м.

Зэхьэзэхуэм япэ текІуэныгъэр щызыІэригъэхьэри, иужь дыдэ увыпІэр ибгынащ «Автозапчасть»-м. Бахъэндэсхэм хагъэщІащ Налшык и «Спарта»-р.

Джэгугъуэ блэкІам бжьыгъэ нэхъ ин дыдэ узыщрихьэлІар «Велес»-мрэ «ЛогоВАЗ»-мрэ я зэІущІэращ. Абы кьэрэгъэшдэсхэм я хьэрхуэрэгъуэхэм топитху щыхудагъэкІащ, я гъуэр «зэрыгъуэщу» кьагъанэри.

Иджы щыгъуазэ фыхуэтщІынщ Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкІэ и щІымахуэ чемпионатым щызэхэта ещанэ джэгуГъуэм кърикІуа бжьыгъэхэм. Мис ахэр: **«Къэхъун»** (Къэхъун) - **«Спартак»** (Налшык) - **2:1**, **«Спартак-Налшык-2000»** (Налшык) - **«Къулъкъужьн-Тэрч»** (Къулъкъужьн) - **2:4**, **«Спартак»** (Налшык) - **«Звезда»** (Налшык) - **1:4**, **«ГорИс-179 Кавказкабель»** (Прохладнэ) - **«Спартак-Налшык-Д»** (Налшык) - **0:3**, **«Школ №31-Русгидро»** (Налшык) - **«Союз-Сэрмакъ»** (Налшык) - **3:1**, **«Шагъдий»** (Зеикъуэ) - **«Мурбек»** (Налшык) - **1:2**, **«Ансар»** (Налшык) - **«Автозапчасть»** (Бахъсэн) - **0:3**, **«Велес»** (Къэрэгъэш) - **«ЛогоВАЗ»** (Бабугент) - **5:0**.

ЖЫЛАСЭ Заурбэч.

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкІэ 2016/2017 гъэхэм я щІымахуэ чемпионатыр зэрекІуэкІыр

Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФІ.	Т.	О.
1. «Звезда»	4	4	0	0	13-4	12
2. «Школ №31-Русгидро»	4	4	0	0	9-2	12
3. «Къэхъун»	4	4	0	0	6-1	12
4. «Спартак-Налшык-Д»	4	3	1	0	8-2	10
5. «Ансар»	4	2	0	2	4-7	6
6. «Спарта»	4	2	0	2	10-8	6
7. «Къулъкъужьн-Тэрч»	4	2	0	2	7-5	6
8. «Мурбек»	4	2	0	2	5-5	6
9. «Велес»	4	1	1	2	7-5	4
10.«Союз-Сэрмакъ»	4	1	1	2	5-7	4
11.«Автозапчасть»	4	1	1	2	5-8	4
12.«Спартак»	4	1	0	3	6-9	3
13.«Шагъдий»	4	1	0	3	5-9	3
14.«ГорИс-Кавказкабель»	4	0	2	2	4-8	2
15.«Спартак-Налшык-2000»	4	0	1	3	3-7	1
16.«ЛогоВАЗ»	4	0	1	3	6-16	1

«ЩыІэщ апхуэдэ Іэщ1агъ - Хэкур хъумэн!» псалъащхьэм щІэту Налшык и курыт еджапІэхэм щрагъэкІуэкІ хэкупсэ гъэсэныгъэм теухуа зэІущІэхэр.

КЛАСС нэхъыжьхэм щеджэхэр щагъэгъуазэ Урысейм Зыхъумэжныгъэмкі и министерствэм и жьауэм щІэт еджапІэ нэхъыщхьэхэм щызекІуэ хабзэхэм, абыхэм ущІэтІысхьэн папщІэ узыхуеину щІэныгъэм, ар къэзыухъэм къапэплъэ къалэнхэм.

КъБР-мрэ Налшык къалэмрэ я Дзэ комиссариатхэм, зауэмрэ лэжьыгъэмрэ я ветеранхэм я къалэ Советым я ІыкІуэхэр класс нэхъыжьхэм щеджэхэм яхутепсэтыхьащ дзэм кьулыкъу щызыщІэ цІыхум и къалэнхэмрэ езым кьэралым кьыхуищІэжьмрэ. Къапщтэмэ, еджапІэм щІэтІысхьа курсантым щыпсэун унэрэ фащэхэмрэ кърат, пщІэншэу ягъашхэ. Дзэ хуэІухуэщІэхэм щыхурагъаджэ училищэхэр, институтхэр, академиехэр къзэзыухам ильэси 5 зэкІэлъыкІуэкІэ къэралым Іэщэкі Зэщ1уэздэ и Къарухэм кьулыкъу щицІэн хуейщ. Абыхэм улахуэ хъарзыни ират.

Зэ1ущІэм щытепсэлъыхьащ дзэ еджапІэхэм граждан Іэщ1агъи кьуэратым.

Курыт еджапІэ №№12-м, 17-м, 27-м щеджэхэм ята концертым щыІуащ Хэкум теухуа уэрэдхэмрэ макъамэхэмрэ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

● ЗэІущІэ

Хэкупсэу ягъасэ

Багъэтырымрэ Гъуэплъащ1эмрэ я ехъулІэныгъэ

● Дифі догъэлъапІэ

Дунейпсо Артийскэ комитетым 2016 гъэм зи зэфІэкІкІэ къыхэжаныкІауэ къыІуатахэм ящыщщ Багъэтыр Тимуррэ Гъуэплъащ1э Тэхьирр. Илъэс кьэс къызэрагъэпэщ а Іуэхугъуэм къыщыхэжаныкІхэр, саугъэт нэхъыщхьэхэр зыхуагъэфащэхэр щэнхабзэм, щІэныгъэм, спортым, сату щІэным, уху эныгъэм, псэукІэр егъэфэкІуэным зи гуащІэ хэзыльхьхьэхэрщ, Абыхэм ящыщщ дэ зи гугъу тщІыну щІалэхэри.

ДИ РЕСПУБЛИКЭМ спортым зыщыжьыным, щІэблэр абы дегъэхьэхыным зи кьару емыблэжу телажьхэм ящыщщ Налшык дэт сабий-ныбжьыщІэ спорт школ №91-м и унафэщІым и къуэдзэ Багъэтыр Тимур. Спортым хуиІэ гухьэдэжым ар зэи епІыжьакъым.

Багъэтыр Тимур Сэфарбий и къуэр 1957 гъэм Тэрч щыІэнахэм хьихьэ Къаншууей къуажэм къыщалъхуащ. И гуащІэ епІъыжьыф хъуа нэужь, абы зэрихьэкІащ лэжьыгъэ Іэнатіэ куэд - парт, профсоюз, комсомол Іуэхущ1апІэхэм щыІащ, апхуэдэуи къэрал кІуэцІ Іуэхуэмкі э органхэми щылэжьащ. Фы и лъэныкъуэкІэ къацІыхуа щІалэр щІыпІэ самоуправленэм и депутатуи щытащ, лъэпкъ кІэлъыплъныныгъэхэмкІэ комитетым, ерыскъыхэкі промышленностьм и лэжьакІуэхэм я профсоюзым и президиумым хэтащ, партым и Тэрч район комитетым щылэжьащ. Сыт хуэдэ Іэнатіэ пэрымыувами, ар пщІэ пылъу ирихьэкІащ, абы папщІи Щ1ыхь тхылъ куэд къыхуагъэфэщащ. А зэманхэм икІи тренерти, футболым куэд дригъэхьэхащ.

2005 гъэм Налшык къалэ администрацэм Физическэ щэнхабзэмрэ спортымкІэ и комитетым и деж щыІэ Сабий-ныбжьыщІэ спорт школым футболымкІэ и олимп резервым тренер-егъэджакІуэу лэжьэн щыщІидзащ. 2010 гъэм Сабий-ныбжьыщІэ спорт школ №91-м и унафэщІым и къуэдзэу ягъэуващ. Спорт школым зэрыщылажьэрэ Багъэтыр Тимур зыкъигъэлъэгъуащ зэфІэкІрэ гудзакъэрэ зиІэ, куэдым хэзыщІыкІ тренер набдзэгубдзаплъэу. Зэпымыуу гулъытэ хуещІ езым и щІэныгъэм хигъэхъуэнми. Араща абы и гъэсэнхэри жьыдэжру, екъулІэныгъэ яІэу спортым щІыхэтыфыр.

Багъэтырым зыкъыщигъэлъэгъуащ республикэ, щІыналъэ, урысейпсо зэхьэзэхуэ куэдым. Іэщэкі Зэщ1уэздэ Къарухэм футболымкІэ я зэпеуэм екъулІэныгъэ кьыщихьащ, мызэ-мытІыр КъБАССР-м футболымкІэ и чемпионатэм увыпІэ лъагэхэр щиубыдащ, 1981 гъэм ар зыхэта «Жанэрхъ» командэр республикэм чемпион щыхъуащ. 1977 гъэм «Кубань» МПО-м хэту Краснодар крайм футболымкІэ чемпион щыхъуащ. Щэшэным, Ингушым, Осетие Ищхьэрэ - Аланием, Дагъыстэным щрагъэкІэкІа футбол турнирхэм куэдрэ щытекІуащ. Ар спортымкІэ мастерым и кандидатщ.

ЕхъулІэныгъэхэр зыІэрагъэхьэ зэпытщ Багъэтырыр щылажьэ спорт школым и гъэсэнхэм. Иужьрей илъэси 10-м къриубыдэу абы и спортсменхэр волейболымкІэ пашэ щыхъуащ республикэм, Налшык къалэ щекІуэкІа зэхьэзэхуэ куэдым. ЕхъулІэныгъэ щІыІэрагъэхьащ КъБР-м и Іэтащхьэм и кубокыр къэхьыным теухуа зэпеуэми. Зэпымыуу текІуэныгъэ кьыщахь «Урысей зэкъуэт» политикэ партым и щІыналъэ къудамэм и Кубокым щыщІэбэн турнирым. Школакіуэхэм я спартакиадэу Кавказ Ищхьэрэ, Ипщэ федеральнэ щІынальэхэм гъэ кьэс щекІуэкІым ильэситІ хъуауэ спорт школым и волейболистхэм ещанэ увыпІэр кьыщахь. Иужьрей ильэситІым кьриубыдэу школым щагъэхьэзыращ спортымкІэ мастерым и кандидатэу 18, япэ балигъ гуп разрядыр зиІэ спортсмену 22-рэ, япэ, етІуанэ, ещанэ разрядхэр зиІэ спортсмен ныбжьыщІэу 136-рэ. А псоми и гуащІэ хэлъщ Багъэтыр Тимури. Спорт школым и ныбжьыщІэхэр жьыдэржщ футболымкІи. Багъэтырым и гъэсэнхэм иужьрей ильэсищым «Кавказ джэгуГъуэр» фестивалым и япэ Іыхьэм (кьалэ зэпеуэм) екъулІэныгъэ къыщахьащ.

Спорт школым зыхуигъэувыж кьалэн щхьэпэхэр гъэзэщІэным Тимур жьыдэру пэрытщ. Ар дэІэпыкъуэгъуи, чэнджэщэгъуи, щапхъи яхуохъу тренер нэхъ щІалэхэм.

Багъэтыр Тимур и гуащІэр гулъытэншэ къуркъым. Физическэ щэнхабзэмрэ спортымрэ заужьыным хуищІа хэлъхьэныгъэм, щІэблэм я гъэсэныгъэм жьыдэжру зэрыхэтым папщІэ яхуфІащащ «Урысей Федерацэм физическэ щэнхабзэмрэ спортымкІэ и отличник» цІэр, «Золотой глобус» кубокыр, щІыхь, фІыщІэ тхылъ куэд кьыхуагъэфэщащ.

Налшык кьалэ администрацэм Физическэ щэнхабзэмкІэ, спортымрэ щІалэгъуалэм я Іуэхуэмкі и управленэм и деж щыІэ Сабий-ныбжьыщІэ спорт школым и унафэщІым и къуэдзэщ, алыдж-урым бэнэкІэмкІэ категорие нэхъыщхьэ зиІэ тренер-егъэджакІуэщ Гъуэплъащ1э Тэхьир Адэлбий и къуэри. А Іэнатіэм ар пэрытщ илъэси 7 хъуауэ. Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетыр 1986 гъэм къиухащ. «Физическэ щэнхабзэмрэ спортымрэ», «Егъэджэныгъэм и менеджер» унэтІныгъэхэм щхьэхуэу хуеджэжащ, 2014 гъэм Гъуэплъащ1эм «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм физическэ щэнхабзэмрэ спортымкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ» цІэр кьыфІащащ.

Щ1ыблэр спортым хуэгъэсэным Гъуэплъащ1э Тэхьир хэтщ 1993 гъэ лъандэрэ. А илъэсым тренер-егъэджакІуэу уваус щытащ «Урысей» зэгухьэныгъэм профсоюзхэм я республикэ комитетым. Иужькі республикэм олимп резервымкІэ щыІэ сабий ныбжьыщІэ спорт школым алыджурым бэнэкІэмкІэ гъэсакІуэу ягъэкІуащ. 2009 гъэм Физическэ щэнхабзэмкІэ, спортымрэ щІалэгъуалэм я Іуэхуэмкі управленэу Налшык къалэ администрацэм джещІым и «КДЮСШ»-м и унафэщІым и къуэдзэ хъуащ.

Спорт школым щыщІэлэжьа илъэсхэм кьриубыдэу Гъуэплъащ1эм зыкъигъэлъэгъуащ зэфІэкІ зиІэу, и гуащІэ емыблэж тренеру. Зэпымыуу и щІэныгъэм хегъахъуэ. Спорт школым и гъэсэнхэм кьагъэлъагъуэ екъулІэныгъэ лъагэхэм, зэпеуэхэм кьыщахь увыпІэхэм Гъуэплъащ1эм и гуащІэ хэлъщ. Псом хуэмыдэу иужьрей илъэсхэм спорт школым и цІэр фІыкІэ Іуащ. Апхуэдэщ школакІуэхэм футболымкІэ я урысейпсо спартакиадэм абы и гъэсэнхэм ещанэ увыпІэр кьызэрыщахьар, Урысей Ипщэ щІыналъэм регбистхэм я зэпеуэ щекІуэкІам япэ увыпІэр зэрыщащубыдар, нэгъуэщІ екъулІэныгъэ куэди иІэщ.

Гъуэплъащ1э Тэхьир спортым кьыщилъагъуэ зэфІэкІхэм папщІэ щІыхь, фІыщІэ тхылъхэр куэдрэ кьыхуагъэфащэ. Спорт школым и пащхьэ къит кьалэнхэм ар и гуащІи, и зэмани емыблэжу пэрытщ.

НАФІЭДЗ Мухьэмэд.

Багъэтыр Тимур

Гъуэплъащ1э Тэхьир

● КъБР-м щыІэ МВД-м къет

Е ахъшэ, е фэтэр

Урысей МВД-м и Іуэхущ1апІэу Налшык къалэм щыІэм и плъыр Іэнатіэм 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 15-м зыхуигъэзащ Псыхъурей къуажэм щыщ щ1ыхубзым.

АБы зэрыжиІамкІэ, нэгъабэ и мэкъуэгъуэгъуэм щыщІэдзауэ мы гъэм и дыгъэгъазэм къриубыдэу ятын хуей унэм фэтэр къыщищэхуну абы зэгурыІуэныгъэ ирищІыпІащ уухакІуэ Іэнатіэхэм ящыщ зым и лэжьакІуэ Тимур икІи сом 400000 иритащ. Арщхьэкіэ, нобэр къыщІэсым абы псэупІи кьратакъым, ахъшэри къыІэрыхьэжакъым.

Управленэм и уголовнэ къэлъыхъуэныгъэ Іэнатіэм и лэжьакІуэхэм шэч зыхуащІ гъэпцІакІуэр яубыдащ. Ар уухакІуэ компаниеи и лэжьакІуэу щыта, Новэ-Хьэмидей къуажэм щыпсэу, илъэс 31-рэ зи ныбжь щІалэрщ.

Къэрал кІуэцІ Іуэхухэмкі министерствэу КъБР-м щыІэм и пресс-Іуэхущ1апІэ.

● Гу зылъытапхъэ

Нало Ахьмэдхъан и фэеплъ пшыхь

КъБР-м Щэнхабзэмкі и министерствэм фрегъэблагъэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и цІыхубэ тхакІуэ, щІэныгъэлІ цІэрыІуэ, егъэджакІуэ Іэзэ Нало Ахьмэдхъан кьызэралъхурэ илъэс 95-рэ зэрырикъум теухуа пшыхьым.

Къэрал киноконцерт гъэлъэгъуапІэм дыгъэгъазэм и 26-м сыхьэт 15-м фэеплъ пшыхь щекІуэкІынущ, тхакІуэм и юбилейм теухуауэ.

УпщІэ зиІэхэр фыпсалъэ хъунущ мы телефонхэмкІэ: 40-81-50, 77-42-08, 40-74-39.

Ди газетым и кьыкІэлъыкІуэ номерыр кьыщыдэкІынур дыгъэгъазэм и 22-рщ.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФІЫЦІЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр

Жьэкіэмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ), **ЖылаСэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къаншокъуэ Эллэ** (жэуап зыхь секретарь), **Къардэн Маритэ, НэщІэныдж Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, ЩІхьэщэмыщІ Иэз.**

Езыгъэтхахэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкІэжмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Іуэхухэмкі - 42-22-86; кьуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхьэмэ Іуэхущ1апІэхэм ядэлэжьэныкъэр - 42-60-53; къыбарыщІэхэмкІэ, спортымрэ письмохэмкІэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 40-15-31; зэдэзыкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтериемрэ - 40-69-32; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іэнатіэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжьыгъэхэм, къыщаІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкІэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху ептыкІэр зэтекІу зэпыту щытхъым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьынымр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 1994 гъэм мэкъуэгъуэгъуэм и 14-м Печатным и хутныигъэр хъумэныкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ Іуэхущ1апІэм №Н-0065-м щІэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ кьыдокІ.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ, КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

Мы къыдэкІыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарь **Къаншокъуэ Эллэ**, *редактору* **Уэрдокъуэ Женя**, *корректорхэу* **Щоджэн Инэ** *(1, 4-нэ нап.),* **Щоджэн Заирэ** *(2, 3-нэ нап.), КомпьютерКІэ газетым и тепльэр ящІащ* **Ныр Саидэ, Щомахуэ Марианэ, Мэлбахъуэ Анжелэ, Бещто Оксанэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жаннэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Іэнатіэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.30-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 3.424 ● Заказ №1890